Нобэ щIедзэ Урысейпсо къыхэтхыкIыныгъэм

Ар екIуэкIынущ махуэ 11-кIэ - жэпуэгъуэм и 25-м нэсыху

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛЫЗ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№194 (21.852) ● 2010 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 14, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Яп*э* лъэбакъуэ

**2010 гъэм Урысей псом щIыхуэр къыщыхэтхыкIынымкIэ комиссэу Урысей Федерацэм и Правительствэм и деж къыщыдзэрагъэпэщам иригъэжьа кIэух зэгуэшIэм зэрыщыкъаIэмкIэ, гъэзэщIакIуэ власт-стым и федеральнэ органу, УФ-м и субъектхэм я къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органу, щIыпIэ самоуправленэм и органу щIыхуэр къыхэтхыкIынымкIэ жуап зыхьхэр кьаплъыгъ дэжьыгъэм сыт и лъэныкъуэкIи хуэщIащ. Щыхуэхэр къыхэтхыкIынымкIэ щыщIадзэм ирихьэлIэу зыхуеину хабзэ мардэхэр нэсу зэтрагъэуващ, Iуэхум къыщагъэсэбэпыну статистикэ методологиер зэхалъхащ, муниципальнэ щIыналъэхэмрэ УФ-м и субъектхэмрэ щаIэныкъуэхэр ящIэныкъуэхэм, зэрыщIыгъ къэралым щекIуэкIыну къыхэгъэпэщынымкIэ Iуэхуэхэм я планыр зэхагъэувэжащ.

МЫ ЛЭЖЬыIГъэМ пыщIа мылъку-техникэ Iуэхугъуэ псори хьэзырщ. КъыхэрыхатхыкIыну документхэмрэ зыхуеину Iэмэпсымэхэмрэ Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и щIыналъэ органхэм Iэрагъэхьащ.

2010 гъэм Урысей псом щIыхуэр къыщыхэтхыкIыным пыщIадзэ щытыну лэжьакIуэхэр - къыхэтхыкIыпIэ участкэхэм я унафэщIхэр, инструкторхэр, къыхэтхыкIакIуэхэр хьэзырщ. Унагъуэхэм кIуэурэ щIыхуэм еупщIынуэр, апхуэдизу щхьэусыгъуэ гъэркIэ я унэ имысынуэр зэкIуэлIэну участкэхэм щылэжьынуэр егъэджэныр дыгъуасэ, жэпуэгъуэм и 15-м, зэфIагъэкIащ.

ЩIыхуэр къыхэтхыкIыным зыхуэгъэхьэзырыным пыщIа Iуэхушхуэу щытащ щIыхуэмрэ ахэр къыхэзытхыкIэмрэ шынагъуэ ятемыгъэхьэныр, къыхэтхыкIынымгъэм пыщIа документ гъэзэщIакIуэ щыIэныр. Абы къыхэкIыу егупуу къапщытащ щIыхуэр къыщыхатхыкI, инструктор участкэхэм хухаха унэхэм я щытыкIэр.

УФ-м и субъектхэм я школхэм щIыхуэр къызэрыхатхыкIым теухуа дерсхэр, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыщызэрагъэпэщащ, еджапIэ нэхьыщхьэхэм студентхэм я олимпиадэхэр щрагъэкIуэкIащ. Мы Iуэхум ехьэлIауэ соми 3, зы тумэн хьу дыжьын ахьшэхэр, пощт маркэхэр кьыдагъэкIащ.

Хуэхьэзыру щIадзэ

Урысейпсо къыхэтхыкIынымгъэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щегъэкIуэкIыным теухуа кIэух селектор зэпэщIэ нэсмахуэ Есэнтыгу къаIэм къыщызэрагъэпэщыным УФ-м и Президентым и полномочие лъыкIуэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и къудзэ Олейников Юрий.

КЪЭРАЛ статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и щIыналъэ органу Ставрополь краим щыIэм (комиссэм и лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ жэуап зыхьым) и унафэщI Стуканов Владимир зэрыжиIамкIэ, округым къыщызэрагъахащ щIыхуэр къыщыхатхыкIыну участкэу 1382-рэ, инструктор участкэу 5560-рэ. Мы лэжьыгъэм хэтыну щIыхуэ 39267-р Iуэхум ухурагъэджащ.

Апхуэдэу гулъытэ хэха хуащIащ къыхэтхыкIынигъэр щIыхуэкIыну махуэхэм щынагъэушагъэр къызэгъэпэщыным. Абы елэжьынущ милицэм и лэжьакIуэхэм, къэрал кIуэцI дзэхэм къулыкъу щызыщIэхэм ящыщу мин 18-м щIигъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьапщтэмэ, щIыхуэхэр къыщыхатхыкI участкэу 133-рэ, инструкторхэм я участкэу 530-рэ, къыщабж участкэу 2120-рэ, бжыгъэхэр зэхэлъхьэжь стационар участкэу 410-рэ (абыхэм кIуэуэ е телефонкIэ псальэу зыхуэфащэ упщIэхэм жэуап щрат хьунущ а махуэм щхьэусыгъуэ гъэркIэ унэм щIэмысынуэм) къыщызэIуахащ, щIыхуэхэр къыхэзытхыкIыну лэжьакIуэхэр 2120-р мэхъу.

ЛIыхъужьхэм я фэеплъыр

●ПэкIухэр

Дыгъуасэ Налшык. ЗэгурыIуэныгъэм и Утыкум. щыIэхэтащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13 - 14-хэм хэкIуэда хабзэхъумэ зауэлIхэм я фэеплъ пэкIу. Абы къырихьэлIат Къэбэрдей-Балъкъэр Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, Правительствэм и УнафэщI Меркулов Александр, Парламентым и депутатхэр, Правительствэм щыщхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэр. Налшыки абы къегъэщIылIа жылагъуэхэмк щыпсэу цIыху куэд.



Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

КъэбэрдеЙ-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ**I Меркулов Александр** пэкIум къыщыщIысалъэм зэрыжиIамкIэ, къэрал властым и органхэр зэпымыуу дОIпэкъу икIи дяпэкIи зыщIагъэхьэнущ зэкIуэдахэм я унагъуэхэми, а зэхэзэхэм фабжь къэхьахэми. Абы папщIэ гъэ къэс республикэм и бюджетым Iуэхухэм хуримкъуну мылъкум хуэдиз къеутIыпщ. Псальэм папщIэ, 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэкIэ, мылъкукIэ дзIэпыкъуащ хэкIуэдахэм я унагъуэшхэр уIэгъэ хущIащ щыта хабзэхъумэ лэжьакIуэхэмрэ, зи псэукIэр езыгъэфIэкIуэн уэрэ унагъуэшхэр щыта хабзэхъумэ лэжьакIуэхэмрэ, зи псэукIэр езыгъэфIэкIуэн уэрэ унагъуибгъуми нэхъыфIкIэ я фэтэрхэр хуахъуэжащ. ХэкIуэдахэм я бынхэр къэралым и еджапIэ нэхъыфIхэм щIэтIысхьэнымкIэ Правительствэр ядолэныкъ.

- Да тщыщ дзтхэнэми узыжьу кьыттохьэпIэ я унагъуэхэм яфIэкIуэдар. Дэ дропагэ а лIыхъужьхэм икIи зэрахьа лIыгъэм пщIэшхуэ худощI. Хабзэхъумэ органхэм я кьалэн нэхъыщхьэр апхуэдэ гуауэ зэи афIэкIа къэмыгъэхьунырщ, республикэр мамыру щыгъэтынырщ, - жиIащ Правительствэм и Унафэщ I Меркулов Александр.

Абы къыхигъэщащ нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лэжьапIэ Iэнатlэ псоми зэрызаужьыр. 2005 гъэм елытауэ мы гъэм бюджетым къыхэхъуэ мылъкур хуэдэ 2,8-кIэ нэхъыбэ хьущ, щIыхуэм я гуГуэхэхэм зэрыхэщIари нэрылъагъущ. Республикэм и кьалэхэм, къужажэм я теплъэм зэрызихъуэжа кьудейри и щIыхьэтщ а зыужьныгъэм.

- Дэ тегушхуауэ дыхоплъэ пщэдерей махуэм. Дауи, иджыри зэлэжьын хуейхэр ди мащIэкъым. Нобэ республикэм щалэжь хамэщI кьикIа мылъкур зи лъабжьэ щIапхъэжаIэ Iуэхугъуэхэр, Iэщэ кьэзыщтауэ лъэпкъым еззэужхэм якI хабзэхъумэ органхэм я кьалэн нэхъыщхьэр апхуэдэ гуауэ зэи афIэкIа къэмыгъэхьунырщ, республикэр мамыру щыгъэтынырщ, - жиIащ Правительствэм и УнафэщI Меркулов Александр.

Абы къыхигъэщащ нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лэжьапIэ Iэнатlэ псоми зэрызаужьыр. 2005 гъэм елытауэ мы гъэм бюджетым къыхэхъуэ мылъкур хуэдэ 2,8-кIэ нэхъыбэ хьущ, щIыхуэм я гуГуэхэхэм зэрыхэщIари нэрылъагъущ. Республикэм и кьалэхэм, къужажэм я теплъэм зэрызихъуэжа кьудейри и щIыхьэтщ а зыужьныгъэм.

- Дэ тегушхуауэ дыхоплъэ ригъэнэнур. Дэ псоми зедгъэсэн хуейщ къэралым е нэгъуэщI зыгуэрым Iуэхур зэфIигъэкIыным дыпэмыльэу, дэ тщыщ дзтхэнэри а гуГуэхьэхэм пэрыувэрэ елэжьынфу. Мыхьэнэшхуэ иIэщ дызэгурыIуэу, дызэхуэбгэшчу, ди щIыналъэм зиужьыным зэгъэсу дытелажьэу зы республикэм дыщыщэдэпсэуным, - пищащ Чеченов Ануар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслIымэм дин Iуэхущ Iапl эм и унафэщIым и къудзэ **Дзасэжь Хьэзрэталий**гу льитащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Iэщэ яIыгъыу, щIыху якIыну мурад яIэу Налшык и уэрамхэм къыетхьа щIалэхэр хамэщI кьыззримыкIам, ахэр дэ тщыщ куэдым я гъунэгъу, я Iыхьлыэу зэрыщытым.

- Гур егъэуэ, апхуэдизкIэ уи жагъуэ мэхъури, ислъамыр лъабжьэ хуащIурэ, щIыху яукIыну иужь зэрихьам. Хэт жызыIэфар ислъам диным терриризмэм, залымыгъэ зехьэным дыкьыхуриджэу. Ар пэжкъым, пэжу кьыщIэкIынкIи Iэмал иIэкъым. Ди щхьэщIыгу итым кьыбгъэдэкIа адрей динхэми хуэдэу, ислъамыр гуащIу и бийщ сыт хуэдэ зэлымыгъэ зехьэнми, щIыху укIыным и гугъу умышIыхьи. КъырIэным зэритымкIэ, кьимыльжьауэ зы щIыхь зыукIам, дунейм щIыху тет псори иукIа пэлъытэщ, - жиIащ Дзасэжь Хьэзрэталий.

Абы Iупщ I у къыгъэлъэгъуащ дин гуэрым и фIэщхьуныгъэ мащIэ зыбгъэдэлъ щIыхум псэ игъэныну зэрыльэмыкIынур.

ПэкIу нэужьым абы къырихьэлIаxэм уздз гъэгъаxэр тралъхьащ хабзэхъумэ Iэнатlэм и лэжьакIуэу зэкIуэдахэм я фэеплъым, МВД-м и лэжьакIуэхэр ирикIуащ Налшык и уэрам нэхъыщхьэм.

ГъУЩIО Зарифэ.

Зэи тщыгъупщэнукъым

Фэеплъ махуэм и яп*э* зэхьхьэр Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ. Абы ирагъэблагъат и кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я Iыхьлыхэри.

ЯПЭУ абыхэм захуигъэзащ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкl министру КъБР-м щыIэ генерал-лейтенант **Томчак Юрий**.

- 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м зэхащIыхьа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Урысей псор зыгъэгулэза гущIыхьэм хэщIыныгъэрэ гуауэрэ кьыдэкIуащ. Кьалащхьэм кьыитеуа Iэщэкl э зэщIэуэзэда щIэпхъаджащIэхэм ди гъащIэр нэхьапэщ жамыIэу, хахуагъэрэ лIыгъэрэ кьагъэльагъуэу ятащIэтащ хабзэхъумэхэр. Республикэм и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэу 35-рэ, щIыху мамырхэр хэкIуэдащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы и ужь ильэсхэми хэщIыныгъэр диIащ. 2010 гъэм ди сатырхэм хэщIащ хабзэхъумэ 18. Абыхэм я унагъуэхэм я псэунIэ Iуэхуэхэр зэфIэхьыным Урысей МВД-м сом мелуаным щIигъу къыхуигъэнащIущ. ХэкIуэда хабзэхъумэхэм я унагъуэхэм тхуэзэфIэкI псомкIи защIыдзогъаныгъэ, я бынхэр еджапIэхэм щIэтIысхьэным гульытэ худощI. Мамырыгъэм зи псэр щIэзыта ди лэжьэгъуэр зэи тщыгъупщэнукъым. ПщIэшхуэ фхузощI хэкум и хьумакIуэ нэсхэр зыгъэса адэ-анэхэм, абыхэм я кьалэн мытыншыр кьадэзыIыгъа я Iыхьлыхэм. Апхуэдэуи ди жэрдэмыр сыт щыгъуэм кьыддаIыгъ КъБР-м и Президентым, Правительствэмрэ Парламентымрэ.

Апхуэдэу кьыззэхуэсахэм я пащхьэ кьыщыпсэльащ икIи кьэхъуэм кьытримыгъэззэжьын папщIэ Iэмалрэ зэкIыпIэу щыIэр кьыззэрагъэсэбэпынымрэ зэкIуэдахэр зэращIэлъмрэ жаIащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Илщэ федеральнэ округым щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралкIуэцIыдзэхэм я ветеранэхэм я зэгуэхэныгъэм и тхьэмадэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Нало Аскэрхьан** сымэ.

- Хэку зауэшхуэм и гугъуехьхэмрэ я хьэзабхэмрэ зыгъэва, а зауэм и ильэс лыгъэхэмр пхыкIа нэхъыкьхэм щIалэгъуалэр зэкIупсу щытын хуэдэу гъэсэныгъэ яхэтлъха ди гугъэ щхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхьущи, 2005 гъэм кьэхъуэр зи Iэрыкl щIэпхъаджащIэхэм зыхьащIэхэр щыIэщ. Апхуэдэм кьытримыгъэззэжьын папщIэ тхуэзэфIэкI псорэ длэжьын, гъэсэныгъэм гульытэ хэха хуэтщIын хуейщ, - кьыхэнгъащIащ Хэку зауэшхуэм и ветеран, Вагъуэ Плъыжь орденыр зезыхьэ **Нало Аскэрхьан.**

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкl министрым кадрэхэмкl и къудзэ **Горячев Виталий** кьеджащ Урысей Федерацэм и Президентым и Указым. Зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда, Iуащхьэмахуэ куейм щыIэ пльыр-пост Iуэхущ Iапl эм и батальон щхьэхуэм и инспектор, милицэм и лейтенант нэхъыщIэ Жеттеев Аэзэмэт Лыигъэм и орден кьыхуагъэфэщащ, Дамыгъэ льапIэр иратыжащ абы и адэ Ануар.

ЗэIуцIэм хэтащ КъБР-м хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкl, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ящыщ ящыщ щIалэгъуэ-дэ Iуэхуэхэмкl и министр кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Пащты Борис** УФ-м и федеральнэ Iэпхъуэшапхъэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Сокъур Олег**, дин Iуэхущ Iапl эхэм я лIыкIуэхэр.

Фэеплъым удз гъэгъаxэр тралъхьэ

МВД-м щекIуэкIа зэIущIэм хэтахэр адэкIэ щыIэхуэсащ Налшык дзт мэжджытым и гъунэгъуу щыIэ милиц скверым. Абы кьрихьэлIащ республикэ Правительствэм и Унафэщ I Меркулов Александр, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, нэгъуэщI кьулыкъущIэхэр, кьалэхэм, куейхэм кьыкIаxэр, хабзэхьумэхэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэр.

КъБР-м и муфтий нэхьащхьэм и къуэдзэ **Дзасэжь Хьэзрэталий** хэкIуэдахэм тхьэ яхуелъэIуащ, благочиннэ **Бобылев Валентин** зи пашэ члисэм и лIыкIуэхэми апхуэдэ Iуэхугъуэхэр зэфIагъэкIащ.

АдэкIэ кьыззэхуэсахэм удз гъэгъаxэр тралъхьащ зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхьумэхэм я Щыхь аллеем щыгъэува фэеплъым.

* * *

Фэеплъ махуэм теухуа Iуэхугъуэхэр иригъэкIуэкIащ УФ-м и ФСБ-м и Iуэхущ Iапl эу КъБР-м щыIэм. Абы щызэхэта пэкIум ягу кьышщагъэкIыжащ Урысейм и ЛIыхъужь прапорщик Красиков Александрр. ЛIыгъэм и орден зыхуагъэфэща лейтенант Сыжажэ Муратрэ. УФСБ-м и унэм хэт фэеплъ пхъэбгъум удз гъэгъаxэр бгъэдалъхьащ.

Удз гъэгъаxэр тралъхьащ УФСБ-м и кьудамэу Бахьсэн кьалэ щыIэм, Сыжажэ Мурат щыIэжьам, прапорщик Красиков Александр Iэпl эу зезыхьэ, ар щеджа Налшык кьалэ дзт курыт еджапIэм №13-м.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Апхуэдэ афIэкIа къремыхьу

ДЫГЪУАСЭ КъБР-м щекIуэкIащ Налшык ЩIэщIэкI зэщIэуэзэда щIэпхъаджащIэхэр кьыззэрытеуэр ильэситху щрикъу махуэм теухуа фэеплъ Iуэхугъуэхэр. Ахэм ящыщ зыт Урысейм Темырэр ирегъэхьэкIыныкIэ и федеральнэ кьулыкъум и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм (УФСИН-м) кьызэригъэпэща пэкIур.

Дыгъэпс пщэдджьыкъ уэфIым сыхьэти 9-м хуэзэу Iуэхущ Iапl эм и пщIантIэм щызэхуэсахэр лэжьакIуэхэмрэ УФСИН-м кьулыкъу щезыхьэкIэхэм ящыщу щIэпхъаджащIэхэм яIэщIэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ.

Фэеплъ пэкIур кьызэIуихащ КъБР-м щыIэ УФСИН-м и унафэщIым и къуэдзэ Болэ Айвар. Псалъэ ираташ Управленэм и унафэщI, къэрал кIуэцI кьулыкъум и полковник КIужьгуэ Мухьэмэд. Ар тепсэлъыхьащ ильэситху и пэкIэ кьэхьуа гуIэгъуэм зэрикIуахэм. 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13 - 14-хэм екIуэкIа зэхуэсхэм хэкIуэда хабзэхьумэ лэжьакIуэ 35-м щыщу 5-р УФСИН-м кьулыкъу щезыхьэкIт.

«Ди жагъуэ зэрыхъунщи, - жиIащ КIужьгуэм, - а махуэ гуауэхэм яужькIи щIэпхъаджащIэхэм я Iэщэр ягъэтIылъакъым. Абы лъандэрэ бгъэкIэ зэманым кьриубыдэу хабзэхьумэ Iэнатlэхэм щылажьэ щIыху 30-м щIигъу якIащ. Ауэ дэ иджы быдэу зыжьэу зыдыкьыIэн хуейщ: кьэдш, апхуэдэ лэжьакIуэ кьремыхьу. Щрыет мамыру ди щIыналъэр».

Я кьалэн ягъэзащIэу хэкIуэда лэжьакIуэхэм я фэеплъым удз гъэгъаxэр тралъхьащ.

КЪУМАХУЭ Асльэн.

ЩIэщIэкI зэщIэуэзэда щIэпхъаджащIэхэр Налшык щыIэ хабзэхьумэ Iэнатlэхэм зэрытеуэр ильэси 5 щрикъу махуэм екIуэда щыгъуэ пэкIу щекIуэкIащ Кьармэхьэлэ дзт еанэ кьурыт еджапIэм. Пэкlум кьрихьэлIаxэр дакьикъэкIэ щыму хэщIыгъуащ мы кьуаxэм кьыщалъхуа, 2005 гъэм и жэпуэгъуэм и 13-м кьэхьуахэм якIуэда, Темырэр ергъэщIыныныкIэ федеральнэ Iуэхущ Iапl эм и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ, лейтенант Къэшэж Элинэ.

Пэкlум хэтащ Дзэлыкъэ куей администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Елчэпар МуIэд, Кьармэхьэлэ кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Бейтыгъуэн Софят. Къэшэжэ я ильэкIым щыщ нэхьыжьхэр, Элинэ щеджа школым и егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ щыкIуэхэмрэ. Пэкlур кьызэIуэныха, еджапIэм и унафэщI Бэлагаевэ Альберт Элинэ и гъащIэм, и лэжьакIам тепсэлъыхьа нэужь, щIэблэр кьыхуриджащ мамырыгъэмрэ гущIэгъуэмрэ я гъуаэзу псэуну. ЗэIуцIэм кьрихьэлIаxэм фIыщIэ псальэкIэ зыхуагъэзащ Элинэ и адэ Iбгурэ Кьэпщэжэ я ильэкIым и нэхьыжь Чмалрэ. Кьэшэж Элинэ хуагъэува фэеплъ пхъэбгъум и дежи удз гъэгъаxэр тралъхьащ.

Дзэлыкъэкъуажэ дзт 1-нэ курыт еджапIэми щызэхэтащ 2005 гъэм и жэпуэгъуэм и 13-м хэкIуэда, юстицэм и лейтенат нэхьыжь КIэмыргуей Арсен и фэеплъ пэкIу. Арсен щеджа школым кьыщызэхуэсахэм я мащIэтэхьым жьIэщIэу, щапхъэ дахэ игъэльагъуэу зи лэжьыгъэ Iэнатlэм пэрыта щIалэм теухуауэ я кьагъэкIыжьи.

ЛЬОСТЭН Муэ.

Унафэр тэмэм?

Дакартэ и полицэм снайпер 40 гъэпщкIуауэ Индонезием и къалащхьэм и щIыпIэ 12-м щиIыгъ. А щIыпIэхэращ нэхъыбэрэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэр щызэхэуэр.

- А ди зауэлIэр хуэгъэсащ зауэ хуэIухуэщIэхэм я мызакъуэу, зэрыхьзэрий къыщыхьуа щIыпIэхэм цIыхум и хуитныгъэхэр зэрыщIэлъмкIэ, - жиIэ къалащхьэм и полицэм и унафэщI Сутарман.

Снайперхэм кьалэ уэрамхэр яхьумэн хуейуэ кьалэн щащIащ, щытыкIэр «анархизм» щыхуэкIуам дежи лъэныкъуэхэм ехьэлIауэ лъэпкъ полицэм и унафэщIым къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ. Абы къызэрыгъэувыкIкI, щIыхуэм и гъащIэмкIэ е и уэрэд шагъэмкIэ шынагъуэ зыхэлъ зылэжь гупхэр якIыну хуитщ, фочыр зэ драгъэуейрэ, щIэпхъаджащIэхэр зэтемыувыIэмэ.

Апхуэдэ унафэр тэмэму кьалъытащ цIыхум и хуитныгъэр хьумэныжкIэ Лъэпкъ комиссэм и унафэщIэхэм.

Хуит ящI

Абхъазым и Президент Бэгъэпщ Сергей мэгугъэ 2011 гъэм щыщIэдзауэ зиз яухуагъащIэхэм Урысейм щыщ цIыхухэм фэтэрхэр къыщащIэхуну хуит ящIынымкIэ.

Урысей Федерацэм и цIыхухэм кьащэхуэу я цIэкIэ ирагъэтхыну хуиттэкIыми, ар Абхъазым и гражданин гуэрым и цIэкIэ ирагъэтхыри, абы кьаугъэ якIыкIыт. Мы гъэм и мазэм Урысейм и МИД-м кьытат Абхъазым щаIэ унэ зэрытрахам кьыхэкIыу, я деж цIыху куэд къызэрытхьэусыгъэр. Абы и уэкIэ Бэгъэпщ Сергей жиIат унэ къащэхур я цIэкIэ ятхыну Урысейм щыщэр хуит зыщI унафэ Абхъазым зэрыхуейр.

- Къэрчэтащ Iэхэр Абхъазым кьокIуэ, ахэр хуейщ хуэныгъэм зрагъэубгъуну. Дэри абы дыхуейщ. Оплозицэми ди Парламентым и депутатхэми жиIа зэпытщ арыншауэ зэрыщIидыжьынур, - жиIащ Бэгъэпщ Сергей, «Коммерсант» газетым и корреспондентым щепсалъэм.

Абхъазым и мыгъэрей бюджетыр зыми щыщIэкъым: къыхэхъуэн хуей сом меларди 3,87-м хуэдиз зэригъэкIуэдыну хэгъэпсам, Ар и щыхьэтщ а къэрал цIыкIум и экономикэр мандарин къудейм зэрытемыщIыхьам, зиужьын папщIэ абы лъабжьэшхуэхэр зэриIэм.

ФIы зыхуещIыж

«САНА» хъыбарегъащIэ агентствэм къыззритымкIэ, дыгъуасэ Иракым и правительствэм и унафэщI Аль-Малики Нури Дамаск щыIу щIащ Сирием и президент Асад Башар. Ахэр тепсэлъыхьащ зэрыхьы къэралитым я зэхущытыкIэм, я зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуа зэрыхьуну щыкIам. Аль-Малики зэрыжиIамкIэ, ар Сирием къыщIеблэгъам иIэр зы щхьэусыгъэущ - политикэм, экономикэм, сатум ехьэлIауэ лъэныкъуитIми я фейдэ зыхэлъ зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыныр.

Арщхьэкlэ, экспертхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, правительствэщIам и унафэщI къулыкъум щIэбэнын папщIэ Аль-Малики дэIэпыкъуэгъуэхэм щощIэ, хахагъащIэ парламентым абы къызэрригъэпща «Хабзэр щытепщэ къэрал» партым щыщ депутатхэр зэрыщымащIэм и зэранкIэ. И хьэрхуэрэгъу, премьер-министру щыта Аляви Айрд къытекIуэу къулыкъур зыIэригъэхьэнкIэ щынагъуэ щыIэщ.

Аращ Аль-Малики шиит парт зыбжанэм гупэкIэ защIыхуигъэзэжар, Сириемрэ Иракымрэ я зэхущытыкIэхэри иригъэфIэкIуэжыну иужь щIихьар.

НОБЭ

◆ **Стандартизацэм и дунейпсо махуэщ**

◆ Илъэс 50 и пэкIэ дипломат зэхущытыкIэхэр зэхуаIэ хъуащ СССР-мэ Мали Республикэмрэ. 1991 гъэм и дытезагъэзэм СССР-м и кьалэнхэр УФ-м кьыщтащ.

◆ Илъэс 20 и пэкIэ Иракымрэ Иранымрэ дипломат зэхущытыкIэхэр зэхуаIэ хъуащ.

◆ 1905 гъэм авиацэм и Дунейпсо Федерацэр (ФАИ) къыззрагъэпэщащ.

◆ 1022 гъэм урыс джаназ Мстислав адыгэщIым кьытеуат, и щIыналъэм зригъэубгъун мурад иIэу.

Плащэр зыхьхьэмар **КЪУНДЕТ** Тыгъэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъуэгум и кIыхьагъым хуэдизи и бгъуагъщ.

●ЗэIущIэхэр

ГъащIэр къытщызыгъэпсынщIэну IэмалыщIэхэр

Нэхъапэлlуэкlэ ди газетым зэрытетащи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен иригъэкIуэкIащ КъБР-м административнэ зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ и комиссэм и зэIущIэ.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ Федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, Парламентым и УнафэщI **Чеченов Ануар**, Правительствэм и УнафэщI **Меркулов Александр**, министерствэхэм, ведомствэхэм я лIыщхьэхэр. ЗэIущIэм щыхэплъащ 2008 - 2010 гъэхэм административнэ зэхъуэкIыныгъэхэр КъБР-м щегъэкIуэкIынымкIэ Программэр гъэзэщIа зэрыхъум, къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр ди республикэм электроннэ IэмалхэмкIэ цIыхум ящыхуэлэжьэныр къазэрехъулIэм, къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэхыным хуэщIауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым портал зэрыщагъэхьэзыра щIыкIэм.

- Щхьэхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ къэрал IуэхущIапIэхэм цIыхум хуалэжь Iуэхутхьэбзэхэр электроннэ IэмалхэмкIэ зэфIэкIын хуэдэу лэжьыгъэр зэтеублэныр республикэм щекIуэкI административнэ зэхъуэкIыныгъэхэм щыщ Iуэху нэхъыщхьэу къызэрыувыр. ЦIыхухэр зы Iуэху нэхъ мыхьэнэншэм щхьэкIи властым и орган зэмылIэужьыгъуэхэм я деж тезэкIуэхь зэпытщ. Уеблэмэ апхуэдизу къызыкIэлъакIуэхь Iуэхум теухуауи зы хъыбар гуэр тэмэму къаIэрыхьэжыркъым. А Iуэхутхьэбзэхэр зи пщэрылъхэм щалэжьын хуейуэ хуагъэува пIалъэхэри IупщIкъыми, ахэр зэрегуакIуэу кIыхьлIыхь ящI. Электроннэ Iэмалхэм ахэр ягъэзэкIуэжынущ, цIыхухэми властым дзыхь нэхъ къыхуащI хъунущ. Урысей Федерацэм къыщыунэху апхуэдэ IэмалыщIэ псори ди республикэм нэхъ псынщIэу щызэтедублэн хуейщ,- жиIащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, зэIущIэр къыщызэIуихым.

2008 - 2010 гъэхэм административнэ зэхъуэкIыныгъэхэр КъБР-м щегъэкIуэкIынымкIэ Программэр гъэзэщIа зэрыхъум щытепсэлъыхьым, республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр къалэнхэр зыгъэзащIэ **Мусуков Алий** къыхигъэщащ абы ехьэлIа унафэр КъБР-м и Президентым 2006 гъэм накъыгъэм и 4-м къызэрищтар. А программэр гъэзэщIэнымкIэ жэуап зыхьыр экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ министерствэращ. Абы зэпэщхьэхуэу къипщытащ республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и IэнатIэхэр зэрылажьэ щIыкIэр, абы я никъусаныгъэхэри, я ехъулIэныгъэхэри къиихутэу. КъищынэмыщIауэ, 2006 гъэм щегъэжьауэ гъэзэщIакIуэ властым и лэжьэкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ КъБР-м щекIуэкIа Iуэхугъуэ псори абы къигъэлъэгъуащ. Апхуэдэу ялэжьа Iуэхугъуэхэм хеубыдэ гъэзэщIакIуэ властым и къэрал органхэм я лэжьыгъэр зэхуэзыгъакIуэу къащта унафэхэр, коррупцэм пэщIэувэнымкIэ Iуэхугъуэхэр зыубзыху законхэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр, Iуэхутхьэбзэр зыхуалэжьыр «зы щхьэгъубжэ» фIэкIа бгъэдэмыхьэу и Iуэхур зэфIэзыгъэкI Iэмалыр зэтеублэныр, нэгъуэщIхэри.

Iуэхутхьэбзэхэр электроннэ IэмалхэмкIэ цIыхухэм зэрыхуалэжь щIыкIэр республикэм щызэтеубла зэрыхъум щытепсэлъыхьым, Мусуков Алий зэрыжиIамкIэ, а Iэмалхэр зи унэм компьютер щIэмытхэми къахуэгъэсэбэпу щытын хуейщ. Абы хеубыдэ медицинэ, социальнэ, щIэныгъэ, щэнхабзэ Iуэхутхьэбзэхэри.

Электроннэ Iэмалхэм республикэр хуэкIуэн папщIэ, ар зэтезыублэ Iуэхугъуэхэр Iыхьитхуу зэщхьэщыхауэ лэжьын хуейщ. Къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм ялэжь Iуэхутхьэбзэ 58-рэ къызэщIэзыубыдэ Iэмалхэм я япэ Iыхьэр зэфIэкIынущ мы гъэм пыгъэгъазэм и 1-м ири-хьэлIэу. ЕтIуанэр хьэзыр хъунущ 2011 гъэм щIышылэм и 1-м. Адрей Iыхьэхэр - 2014 гъэм щIышылэм и 1-м.

Япэ Iыхьэм къитIасэу, нобэ республикэм щыпсэухэм Интернетым щагъуэтынущ къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм я Iуэхутхьэбзэ 193-м теухуа хъыбархэр. Абы папщIэ а Iуэхутхьэбзэхэм я порталым ухыхьэн хуейуэ аращ.

ИнтернеткIэ Iуэхутхьэбзэр лэжьыным пыщIа щыхьэт тхылъхэр зыIэпахыу щыщIадзэнур етIанэгъэ и щIышылэращ. Ар хеубыдэ етIуанэ Iыхьэм. Порталыр цIыхухэм (псом хуэмыдэу Интернетым пыщIа компьютер зимыIэхэм) къахуэгъэсэбэпын папщIэ, зыхуэныкъуэ техникэкIэ къызэгъэпэща центр цIыкIухэр къалэхэм, къуажэхэм къыщызэрагъэпэщынущ, нобэ лажьэ интернет-клубхэм зыгуэркIэ ещхьу, ауэ цIыхум и Iуэхухэр зэфIэгъэкIынымкIэ къыдэIэпыкъуфын лэжьакIуэхэр яIэу.

Дауи, апхуэдэ Iуэхушхуэр зэфIыхьэнукъым, республикэр Интернет лъэрызехьэкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр щымыIэу. А Iуэхуми фIыкIэ ущызыгъэгугъ унафэ къыщащтащ зэIущIэм.

Электроннэ IэмалхэмкIэ Iуэхутхьэбзэхэр ди республикэм щалэжьын хуэдэу Iуэхур зэтеувэн папщIэ, Мусуков Алий къызэригъэлъэгъуамкIэ, къызэрагъэпэщынущ электроннэ правительствэ. Абы и къалэну щытынущ цIыхухэм Iуэхум теухуа хъыбарыщIэхэр яIэрыгъэхьэныр, зи лэжьыгъэр зэтеубла къэрал Iуэхутхьэбзэхэр цIыху щхьэхуэхэм, хьэрычэтыщIэ IэнатIэхэм, къэрал IуэхущIапIэхэм зэпымыууэ икIи щыуагъэншэу яхуэлэжьыныр, технологиещIэхэр зыубгъуауэ а лэжьыгъэм къыщыгъэсэбэпыныр.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр къалэнхэр зыгъэзащIэм зэрыжиIамкIэ, а Iуэхур къелъахъэ лэжьакIуэ куэдым IэмалыщIэхэр, технологиещIэр къазэрыхуэмыгъэсэбэпым. Абыхэм я гъэсэнри зи пщэ далъхьар экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ министертвэращ. А Iуэхухэр псом япэ игъэщыпхъэу, лэжьэкIэщIэм хуэгъэсэныр министрхэм я деж къыщыщIадзэн хуейуэ Президент Къанокъуэ Арсен унафэ ищIащ.

ГЪУЩIО Зариф.

Министр Бицу Вадим и псалъэ.

Узыншагъэр зэрырагъэфIэкIуэну щIыкIэр яубзыху

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм иджыблагъэ зэIущIэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ ДыщэкI Мадинэ, КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и Iэтащхьэ Жанатаев Сэлим, Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ щIыналъэ фондым и унафэщI Къанокъуэ Аслъэнбэч, Узыншагъэр хъумэнымкIэ районхэм, къалэхэм щыIэ къудамэхэм, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр.

- КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Бицу Вадим** зэIущIэр къызэIуиха нэужь, жиIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Путин Владимир 2010 гъэм мэ лыжьыхьым и 20-м УФ-м и Къэрал Думэм и Зэхуэсым къыщыхилъхьа Iуэхум - узыншагъэр хъумэн IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щегъэкIуэкIыным - ипкъ иткIэ зэлэжьыпхъэхэр убзыхун зэрыхуейр, абы трагъэкIуэдэну зэману къэнэжари зэрымащIэр.

- Мы Iуэхум хуабжьу мыхьэнэшхуэ иIэщ Урысейм и щIыналъэ псоми я дежкIэ, - жиIащ Бицум. - Гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIынухэм ящыщщ Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэм теухуа Унафэр. Абы халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэм иджыпсту йолэжь УФ-м и Къэрал Думэр.

УФ-м и Правительствэм къыхилъхьа жэрдэмыр зэрыщхьэпэр къыхигъэщащ **Жанатаев Сэлим** икIи жиIащ а зэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэунэтIа IуэхущIапIэхэр зэгъэпэщыжыныр, сымаджэщхэм иджырей диагностикэ техникэхэр щIэгъэувэныр, узыншагъэр хъумэн IэнатIэм и лэжьэкIэр щIэуэ гъэпсыныр арауэ зэрыщытыр.

ЩIэуэ къащтэну программэм къызэщIиубыдэхэм, абы къихьыну IуэхугъуэфIхэм, ар гъащIэм хэпща зэрыхъуну щIыкIэхэм убгъуауэ тепсэлъыхьащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Удаловэ Ольгэ.**

- УФ-м Узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къыдита чэнджэщым - модернизацэм и программэр гъэпсыным - ипкъ иткIэ, лэжьыгъэшхуэ едгъэкIуэкIащ, - жиIащ Удаловэм. - Япэрауэ, абы и Iуэху зезыхуэн гуп зэхуэтшэсащ. Абы хохьэ министерствэм, узыншагъэр хъумэнымкIэ къалэ, район IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, дохутыр нэхъыщхьэхэр, IэщIагъэлIхэр. ЕтIуанэрауэ, сымаджэщхэм я Iуэху зыIутым теухуа тхылъхэр зэху этхьэсащ, унэм и щытыкIэр, узыншагъэм зэреIэзэ Iэмэпсымэу яIэхэр, IэщIагъэлIкIэ, мылъкукIэ къызэрызэгъэпэщар, нэгъуэщIхэри иту. Ещанэрауэ, демографие щытыкIэр зэрефIэкIуэжам къыхэкIкIэ, абы епха IуэхущIапIэхэр мылъку-техникэкIэ къызэрызэгъэпэщар къапщытащ икIи зэгъэпэщыжын хуейхэр къагъэлъэгъуащ.

АдэкIэ Удаловэр зэпкърыкауэ тепсэлъыхьащ модернизацэм и щIыналъэ программэхэм ятекIуэдэну мылъкур къыздикIынум. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, щIыналъэ программэхэр гъэзэщIэным лъэныкъуищым я мылъкур халъхьэнущ: Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ федеральнэ фондым и бюджетым, УФ-м и субъектым и мылъку зэхэлъым щыщ, Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ щIыналъэ фондым и бюджетым щыщ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри Iуэхугъуэ пыухыкIам хуаутIыпщынущ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, КъБР-м и бюджетым къыхэкIыну ахъшэр психиатрическэ, жьэн узым, фадэм иубыдахэм щеIэзэ диспансерхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуаутIыпщынущ.

- Путин Владимир къыхилъхьа Iуэхугъуэщ Iэм унэтIыныгъищкIэ зиужьынущ - узыншагъэм щыкIэлъыплъ IуэхущIапIэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр егъэфIэкIуэным, сымаджэщхэм иджырей хъыбарегъащIэ щIыкIэр щызэфIэгъэувэным, медицинэ дэIэпыкъуныгъэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыным, - къыпищащ Удаловэм. - Абы къыдэкIуэу, программэм трагъэкIуэдэну ахъшэр мыхьэнэ иIэу къэгъэсэбэпа хъун папщIэ, псом япэу ар зыхуэхахынур цIыху нэхъыбэ зэрылIыкI узыфэхэр зэрагъэхъуж Iэмалхэр егъэфIэкIуэнырщ.

Къанокъуэ Аслъэнбэч къыщыпсалъэм жиIащ программэщIэм цIыхухэм я сэбэп къызыхэкIын Iуэхугъуэфl куэд къызэрырикIуэнур. Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ щIыналъэ фондымрэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ зэгъусэу зэхалъхьэн хуей программэм зэрелэжьыр жиIащ къэпсалъэм, икIи ар нэхъ купщIафIэ хъун папщIэ Iуэхугъуэ зыбжанэм къытеувыIащ.

Апхуэдэу зэIущIэм кърихьэлIахэм езыхэм я Iуэху еплъыкIэхэр къаIуэтащ, къалъыкъуэкIа Iэмалыр республикэм къыхуэсэбэпын папщIэ хэгъэхьапхъэхэр яубзыхуащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

●КъБР-м и Президентым и пощт

ЦIыхубэм дзыхь къыхуащI

ФокIадэм и 17-м къыщыщIэдзауэ жэпуэгъуэм и 1 пщIондэ КъБР-м и Президентым и Интернет-хэщIапIэм цIыхуи 139-м зыхуагъэзащ. Абыхэм ящыщу процент 29-р псэупIэ зэрамыIэм егъэпIейтей. Процент 22-р хъуэхъурэ фIыщIэхэмрэ, процент 15-р ЖКХ-м и щытыкIэм, процентi 9-р Iуэху еплъыкIэхэмрэ проектхэмрэ, процентi 7-р егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымрэ, апхуэдизыр лэжьапIэ зэрымыхъуэм теухуащ, процентi 4-р щIыпIэ унафэщIхэм я IуэхущIафэмкIэ арэзыкъым.

Мэзкуу щыщ Катаевэ Евгение Тэрч районым и гъуэгухэм я щытыкIэм гу лъригъатэ. КъБР-м ТранспортымкIэ связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Сунш Ануарбий къызэрыджиIамкIэ, Осетие Ищхъэрэ, Ингуш республикэхэм я лъэныкъуэмкIэ кIуэ хьэлъэзешэ транспортым я бжыгъэм зэрыхэхъуам Тэрч районым и гъуэгухэр зэтракъутащ. «КумблIэмбкэр, къиудахэр «ддыжкIэ» мыхьэнэ иIэкъым, сыту жыпIэмэ, я лъабжьэхэр дгъэбыдэу гъуэгухэм я нэхъыбэр къызыхуэтыншэу зэдгъэпэщыжын хуейщ. Республикэ бюджетым мылъку зэримыIэм къыхэкIыу, и пIалъэм делэжьыну дызыхунэсар районым и гъуэгухэм я процентi 9-рщ. Программэм зэрыхэдгъэхьам тету, а Iуэхум илъэс дызыхуэкIуэхэм пытщэнущ»,- къигъэлъэгъуащ абы.

Зеикъуэ къуажэм щыщ Шэрхъ Зерэ Президентым лъэIукIэ зыхуигъэзащ я унагъуэм и псэупIэр ирагъэфIэкIуэнымкIэ ядэIэпыкъуну. Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Къаздэхъу Альберт къызэрыджиIамкIэ, апхуэдэ Iэмал щыIэщ: «Шэрхъ Зерэ и псэупIэм и щытыкIэр комиссэм къипщытащ. ЯтIэ чырбышым къыхэщIыкIа унэ кхъахэм цIыху пщыкIуз щIэсщ. Зеикъуэ къуажэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советым и сессием и унафэкIэ, «2012 гъэ пщIондэ къуажэхэм социальнэу зэрызиужьынур» федеральнэ программэм тету псэупIэ субсидиехэр зратынухэм Шэрхъ Зерэ хагъэхьащ.

Щыпсэу хьэблэм псыр тэмэму зэрымыкIуэм къыхэкIыу, щхьэлыкъуэдэс Къардэн Людэ Президентым и сайтым зыхуигъэзащ. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Тхьэзэплъыж Мурат къызэригъэлъэгъуамкIэ, «Щхьэлыкъуэ къуажэм и псы бжьамийхэр» МУП-м и къыщIэшыпIэм тет насосыр зэрыкъутам и зэранкIэ псыр зэпыуауэ щытащ. Республикэм ПромышленностымкIэ, ТЭК-мрэ ЖКХ-мкIэ и министерствэм и гъэтIылъыгъэхэм щыщкIэ ар зэрахъуэкIащ. Мы зэманым псыр тэмэму яIэрохьэ.

Налшык щыщ Мырзэкъан Риммэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и президент къулыкъум зэрыпэрыхьамкIэ Къанокъуэ Арсен йохъуэхъу: «Уэ Iуэхум ухуэIэзэщ, жылагъуэм я деж пхуэфащэ пщIэрэ щIыхьрэ къыщыблэжьащи, социально-экономикэ къалэнхэр нэсу гъэзэщIэнымкIэ, республикэм и цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ уи зэфIэкIыр, политикэмрэ экономикэмрэ кууэ зэрыхэпщIыкIыр сэбэп зэрахуэхъунур си фIэщ мэхъу. Республикэм и Iэтащхьэ къулыкъум ехъулIэныгъэ къыщыпхьыну, узыншагъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ уиIэну сынохъуэхъу!»

УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Кулиевым и цIэр зезыхьэ балъкъэр драмэ театрым и актер Баппинаев Зариф КъБР-м и УнафэщIым псалъэ гуапэкIэ зыхуегъэзэ: «Сэ къызбгъэдэкIыу, апхуэдэу Баппинаев лъэпкъым я нэхъыжьхэм я цIэкIэ республикэм и президент къулыкъум узэрыхахыжамкIэ сынохъуэхъу. Узыншагъэ быдэ уиIэу ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я зыужьыныгъэм ехъулIэныгъэкIэ ухуэлэжьэну си гуапэщ».

Абы и псалъэхэр дaIыгъ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Лу Рэмэзанрэ подполковник ГъукIэ Хьэсэнбийрэ: «Республикэм и унафэщIу узэрыхахыжар хуабжьу ди гуапэ хъуащ! АбыкIэ Уэри фIыуэ тлъагъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэми дыныохъуэхъу. Уагъэулъиину хэтами, экстремист къарухэм ар къехъулIакъым, сыту жыпIэмэ, бэм дзыхь къыпхуащI. Ди республикэ щIэращIэр нэхъри егъэфIэкIуэным тегъэпсыхьа уи IуэхущIафэр дгъэкIуэтэным ди щIэныгъэри зэфIэкIри етхьэлIэнущ!».

НЫР Залинэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

●«СтIол хъурей»

КъэкIуэнум йогупсыс

«ЩIалэгъуалэр пенсэ Iуэхум хэгъэгъуэзэн» фIэщыгъэцIэ иIэу УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм «стIол хъурей» щекIуэкIащ.

АБЫ кърихьэлIащ республикэм и щIалэгъуалэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, сату IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

Чэнджэщ щхьэпэхэр къызыхэщ апхуэдэ Iуэхугъуэхэр къызэрегъэпэщ зэIущIэр зи жэрдэмхэм ящыщ зым - КъБР-м и ЩIалэгъуалэ правительствэм. Абы и унафэщI **Щокъарэ Залинэ** къызэрыхигъэщамкIэ, апхуэдэщ псэупIуэ-коммунальнэ хозяйствэм, унагъуэщIэхэм яхуэгъэза къэрал политикэм, нэгъуэщIхэми теухуахэр.

Иджырей мурадыр хуаунэтIат щIалэгъуалэр, я ныбжь нэсмэ, къыхуагъэувыну пенсэхэр зэхуэхьэсыным и Iуэхум хэшэным, абы папщIэ Iэмалхэр къызэгъэпэщыным хэгъэгъуэзэным.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIым и къуэ-дзэ **Дыкъынэ Заремэ** къызэхуэса щIалэгъуалэр щыгъуазэ ищIащ я IэнатIэм и тхыдэмрэ абы щызэфIагъэкI Iуэхугъуэхэмрэ, я IэщIагъэм, лэжьыгъэм нэхъри хагъэхъуэным, зрагъэузэщIыным тезыгъэгушхуэ зэхущытыкIэ яIэу, зэкъуэту, пщIэ зэхуащIу гупыр зэрызэдэлажьэм. Я зэIущIэр зытеухуам и гугъу щищIым къызэрыхигъэщащи, 2002 гъэм Урысейм зыщыщIидза пенсэ реформэр хуэунэтIащ къэралым яхуигъэув пенсэхэмрэ езыхэм абы халъхьэ ахъшэмрэ зэхэгъэхьэным теухуа хабзэ зэфIэгъэувэным.

- Зи гугъу тщIы хабзэм и ефIэкIыныгъэ нэхъыщхьэщ фыщылажьэ лъэхъэнэм Iуэхум хэфлъхьа дэтхэнэ зы сомри къызэралъытэр. Абы щыгъуэми, къэралым езым къалэн пыухыкIахэр зыхуегъэувыж дэтхэнэ лэжьакIуэми теухуауэ. Пенсэм фыкIуа иужь, а псори ягъэзэщIэнущ, фыщылажьэ зэманым ирагъэкIуэкIа индексацэхэри хэту, - яжриIащ Дыкъынэ Заремэ.

Къызэхуэсахэм гурагъэIуащ езыхэм я пенсэхэр зыхуэдизынум теухуа Iуэху зыбжанэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, абы и лъабжьэу увынущ лэжьапIэ зытхэм Урысейм и Пенсэ фондым хуащIа страховой хэлъхьэныгъэхэр. Ахэр цIыху щхьэхуэм и цIэкIэ къызэIуаха счетым халъхьэ зэгурыIуэныгъэ зэрызэращIылIэу. А мылъкур сыт щыгъуи пенсэхэм щIагъунущ, халъхьа ахъшэхэмрэ зэрылэжьа илъэс бжыгъэмрэ ятещIыхьауэ.

КъэкIуэну пенсэм хуэгъэза гъэтIылъыгъэхэм хэбгъэхъуэфынущ нэгъуэщI IэмалхэмкIи. Абы папщIэ псори зэпэшэчауэ къыхэхын хуейщ, къэралым имей пенсэ фондыр е Iуэхур зезыгъакIуэ компаниер. Езы къэралри мы IэнатIэм щIэгъэкъуэнышхуэ къыхуэхъунущ. Урысейм и цIыхуу сыт хуэдэ ныбжьым итми зы илъэсым гъэтIылъыгъэм сом мини 2 нэхърэ мы нэхъ мащIэ халъхьэмэ, апхуэдиз дыдэ къэралым къыхущIигъунущ, ауэ илъэсым сом мин 12-м фIэмыкIыу. Абы папщIэ Пенсэ фондым и къудамэу ущыпсэу щIыпIэм къегъэщIылIам лъэIу тхылъкIэ зыхуэбгъэзэн хуейуэ аращ 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м нэхърэ нэхъ кIасэ мыхъуу.

ЗэIущIэм хэтахэм къыхагъэщхьэхукIащ къэралым и пенсэ IэнатIэм мы Iуэхур европей къэралхэм зэрыщыгъэувам ещхь зэрыщыхъур. Абыхэм цIыхухэм щратыр езыхэм зэтраухуэжа пенсэхэрщ. Апхуэдэуи зэущIэм гулъытэ щыхуащIащ ныбжьыщIэхэр пенсэ законодательствэм нэхъ кууэ щыгъуазэ щIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

ГъэщIэгъуэну икIи купщIафIэу екIуэкIа «стIол хъурейм» кърихьэлIа щIалэгъуалэм упщIэхэри я куэдт. Абыхэм жэуапхэр зэпкърыхауэ иратащ Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI IэщIа-гъэлIхэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЗэIущIэр йокIуэкI.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

●Арщыдан-340

Дызэрыщыгъуазэщи, КъБР-м и Президентым мы гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къыдигъэкIа Унафэ №51-РП-м зэрыщыубзыхуам тету, Арщыдан къуажэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 340-рэ зэрырикъур Iэтауэ зэрагъэлъэпIэнум Лэскэн куейм жыджэру зыщыхуагъэхьэзыр. А гуфIэгъуэм хуэфащэу ирихьэлIэн папщIэ зыхунэсахэм, мы махуэхэм зэфIагъэкIхэм тедгъэпсэлъыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Иуаз ФатIимэ.

- ФатIимэ, фи жылэм и тхыдэм гукъинэжу хыхьэну Iуэху дахэ къыфпоплъэ. Абы дауэ зыхуэвгъэхьэзыррэ?

- Мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум пасэу щIэддзауэ зыхудогъэхьэзыр. Лэжьыгъэ псори зэрыдубзыхуам тету идогъэкIуэкI. Псэуныгъэр къызэзыгъэпэщ IэнатIэхэр япэ идогъэщ. Къапщтэмэ, ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэдгъэкIащ. «2012 гъэ пщIондэ къуажэхэм социальнэу зэрызаужьынур» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ, нэгъабэ и щэкIуэгъуэ мазэ лъандэрэ псы Iуэхум сом мелуани 7-м щIигъу хэтлъхьащ. Абрэдж Iэдэм зи нэхъыжь «Налшык и псы бжьамийхэр» ООО-м щыщ щIалэхэм къыщIэшыпIэщIэ тхуаухуэри, Бжьэдыгъум, Мэремкъул зэкъуэшхэм, Iэрэмысэм, Джазэм, Жыгуным я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм псы кIуапIэ бжьамийхэр километри 5-рэ метр 400-м тхудалъхьащ. Ди жылэм игъащIэми псыр къомэщIэкI. Ар къэтлъытэри, къуажэм дяпэкIи зэрызиужьынум и планым а Iуэхур нэхъыщхьэу хэдгъэхьащи, абы тету уэрам къэс псы гуэшыпIэхэр щыдгъэувынущ, щыIэхэр щедгъэфIэкIуэнущ. ИджыпстукIэ ди жылэр процент 90-кIэ псыкIэ къызэгъэпэщащ, къыщIэшыпIэу 12 догъэлажьэ. КъБР-м и Президентым и пщэрылъым тету иджыри зы яухуэнущи, ар хьэзыр хъумэ, зэрыкъуажэу псыкIэ тхуэзэлъэгъэIэсынущ. КъищынэмыщIауэ, етIанэгъэ ди къыщIэшы-пIэ псоми электрокъарур къыдэзыгъахуэ Iэмэпсымэхэр тедгъэувэнущ.

Къэралым иутIыпщыжа къат мащIэ псэупIэ уни 4 диIэщи, приватизацэ тщIауэ зыдогъэпэщыж. Къуажэм щызэхэта колхозым, мэз хозяйствэм, «Арщыдан» заводым и IэщIагъэлIхэр зыщIэсу щыта а унэхэм я щхьэхэр, щхьэгъубжэхэр зэрахъуэкIащ, я щIыбхэр, IуплъапIэхэр нагъэс, псыр ирашэлIащ, канализацэр зыхуей хуагъэзэ. Мы зэкIэ абыхэм сом мелуани 5-рэ мин 600-рэ и уасэ лэжьыгъэ етщIэкIащ. Ар нэдгъэсмэ, псэупIэр зейхэм я пэш кIуэцIхэр езыхэм зэрахьэжынущ.

КъищынэмыщIауэ, курыт еджапIэ №3-м и унащхьэр зэрахъуэкI, Iэрэмысэм, Жыгуным я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм тет кхъэхэр къахухь, абыхэм екIуалIэ гъуэгухэм асфальт тралъхьэ. Илъэс зыбжанэ и пэкIэ яутIыпщыжа амбулаторитI диIэщ. Ахэри администрацэм приватизацэ ищIауэ, къызыхуэтыншэу зэрегъэпэщыж. КъуажэкIэм щыIэ амбулаторэм пощт IуэхущIапIэ хащIыхь. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъхэр зехьэным федеральнэ бюджетым щыщу сом мин 200-м щIигъу хухахати, псори и чэзум къэдгъэсэбэпащ.

Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ, ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ министрхэу Сунш Ануарбийрэ Абрэдж Iэдибрэ щIыгъуу къакIуэри, гуфIэгъуэм зэрызыхуэдгъэхьэзырым зыхигъэгъуэзащ, тхуэзэфIэкIахэр зригъэлъэгъуащ.

- ФатIимэ, Арщыданыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 340-рэ зэрырикъум теухуа зэхыхьэхэр, зэпеуэхэр гъэр къызэрихьэрэ ивогъэкIуэкIри, абыхэм утезгъэпсэлъыхьынут.

- Зэхэтлъхьа программэм тету Iуэхугъуэ псори идогъэкIуэкI. ЕджапIэхэр, къуажэдэсхэр, IэнатIэхэр, абыхэм къыхыдошэ, гъэщIэгъуэну, щIэщыгъуэу, щхьэпэу къызыдогъэпэщ. Мазае блэкIам Хэку зауэшхуэм, Афган, Абхъаз зауэхэм хэтахэр зэхуэтшэсри, «А илъэсхэм ди щхьэр худогъэщхъ» зыфIэтща Iуэхугъуэр едгъэкIуэкIащ, къыкIэлъыкIуэ мазэм къуажэм щызэхэта колхозым лэжьыгъэшхуэ къыщезыхьэлIа, жылэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа ди нэхъыжьыфI ордензехьэхэр дгъэлъэпIащ. Школхэм зэпеуэ, зэхыхьэ гукъинэжхэр щрагъэкIуэкIащ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, «Си Хэку цIыкIу», «Сыщыпсэу уэрамыр», «Лэжьыгъэм и ЩIыхь орденыр зыхуагъэфэщахэр» класс сыхьэтхэр, «Гъатхэ экстрим» щэнхабзэ-спорт фестивалыр. Ди жылэм теухуа сурэтхэр щIынымкIэ мэлыжьыхь-накъыгъэ мазэхэм къызэрагъэпэща «ФIыуэ слъагъу плIанэпэ» зэхьэзэхуэм еджакIуэхэр щызэпрагъэуащ, «ЩIыхьымрэ лэжьыгъэмрэ я къуажэр нэгъуэщIкIэ зэи тхуэхъуэжынукъым» сочиненэр ирагъэтхащ. Курыт школ №1-м «Арщыданым и блэкIамрэ и нэбэмрэ» джэгукIэр, №2-м «Къуажэ дыгъэпс» нэгузыужь программэр щрагъэкIуэкIащ, мэлыжьыхь мазэм «Арщыданым и ордензехьэхэр» конференцыр, жылэм и тхыдэм теухуа зэхыхьэр къызэдгъэпэщащ. Абыхэм щыдгъэлъэгъуащ къуажэм и щIыхьыр зыIэта лэжьакIуэ псэемыблэжхэм, вете ранхэм, тхакIуэхэм, дохутырхэм, еджагъэшхуэхэм, нэгъуэщI куэдми я сурэтхэр.

- Арщыданыр илъэс 340-рэ зэрырикъур зэрывгъэлъэпIэнуми и гугъу уэдгъэщIынут.

- Махуэшхуэр жэпуэгъуэм и кIэуххэм спорт комплексым щызэхэтшэну ди мурадщ. Абы КъБР-м и Президентыр къытхуеблэгъэну дыщогугъ. Ди къуажэгъу усакIуэ Джэдгъэф Борис а зэхыхьэшхуэм кърихьэлIэнухэр Арщыданым и тхыдэмрэ и лэжьакIуэ псэемыблэжхэм я IуэхущIафэу щытамрэ хигъэгъуэзэнущ, ди щIыпIэм щыIа космонавт Терешковэ Валентинэрэ илъэс куэдкIэ колхозым и тхьэмадэу щыта, Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Тэрчокъуэ Къамболэтрэ я сурэтхэр зыхащIыхьа «Арщыданыр нартыху щIыналъэщ» стелэр къуажэм и къыдыхьэпIэм щыдгъэувынущ, иужькIэ республикэм и артист цIэрыIуэхэм зыкъагъэлъэгъуэнущ, спорт зэпеуэхэр ирагъэкIуэкIынущ.

Епсэлъар **ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**

●Налшык къалэ

И хэщIапIэр яхъуэж

Налшык и дэкIыпIэм «Кавказ» федеральнэ гъуэгубгъум деж унагъуэ Iэщхэр щашэу щыIа бэзэрым и хэщIапIэр яхъуэж.

НАЛШЫК къалэ округым и щIыпIэ администрацэм сатумрэ хьэрычэтыщIэ Iу эхухэмкIэ и управленэм и къудамэм и унафэщI Востровэ Ольгэ къызэрыджиIамкIэ, зэман гъунэгъум бэзэрыр Владикавказ шоссе, 1 щIыпIэм хуэзэ «Кекен» фермер хозяйствэм ягъэIэпхъуэнущ. Сатум хэтыну хуейуэ лъэIу къэзытахэм жыджэру ядолажьэ. Иджыпсту бэзэрыщIэм и пщIантIэр асфальткIэ кърашыкI.

Iэщ дохутыр-эпизоологхэм ящыщ зым къызэригъэлъэгъуамкIэ, ящэн и пэ къикIуэу былымым и щытыкIэм тIэунейрэ кIэлъагъэплъын, апхуэдэу уз зэрыщIалэхэм ящызыхъумэ хущхъуэхэр храгъэлъхьэн хуейщ. АбыкIэ щыхьэт тхылъхэр зимыIэхэм я Iэщыр бэзэрым щрагъэщэнукъым.

ДЗЭМЫХЬ Лилэ.

●Шэджэм куей

ЗэкъуэтупэщIоувэ

Шэджэм районым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советымрэ щIыпIэ администрацэмрэ ягъэбелджылащ икIи къащтащ 2010 - 2011 гъэхэм куейм и щIыналъэм терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэрыщыпэщIэтынум теухуа Iуэхухэр.

АБЫ и къалэн нэхъыщхьэщ щIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэр зэгурыIуэныр зэгъэхъулIэныр, цIыхухэм я зэхэщIыкIыр къэIэтыныр, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIи ахэр зэпэщIэувэныр къэмыгъэхъуныр.

Мы Iуэхухэм хэлIыфIыхьынущ къуажэхэм я администрацэхэр. Шэджэм районымкIэ ОВД-р, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм я IэнатIэхэр, дин зэгухьэныгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

Мурадыр псом япэу зыхуэунэтIар террорист щIэпхъаджагъэхэр ялэжьыныр къэмыгъэхъунырщ.

АХЪИЙ Iэсият.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

● Украинэ

Я бзэхэмрэ унэцІэхэмрэ къыпагъэкІ

Дунейр зэщІэзыбгъадэ экономикэ кризисыр нэхъ куу хьухукІэ. Москвэрэ Вашингтонрэ я з э х у ц ы т ы к І э х э р ийофІакІэу. Ди ІэпэІасэхэр ди кІуачІэм и пІуныгъэ ІуэхукІэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, уэгу жыжьэм кІуэуэ щыта «Буран» къхъухьым къыщІэкІынуф ди корреспондентым къыщигъуэтащ Москва и гъунэм.

МОСКВА щыпсэухэм я нэхъыбэм ту пытапэу къыщІэкІынущ Горькэм и цІэр зезыхьэ паркым ит «Буран»-хьэрщ кхъухь цІэрыІуэм. Ауэ ар кхъухь дыдэхьым, атІэ абы и нахьет къудейщ. Куэдым ящІэркъым кьалащхьэм нэгъэщІ «Буран»-хэрщыдыпэр. Пэжщ, ар зыхуащІауэ щытар щыпІэр ягъэщІэрщІэн мыхьуу, хьэрщым ягъэльэтэнырт.

Лодочнэ уэрамыр щыІэщ Химки псы хъумапІэм пэмыжыжьэ «Сходненская» метром и гъунэгъу. 18-нэ уэрэн уэзрынэсу уольагъу зи кІэр пыупщІа кхъухьлъатэм ещхь абрагъуэ гуэр.

ЩыІэупщІэмэ, щыгъуазэ уохьу ар Т ушинэ машинэ заводым щагъэзыгъу щыта «2.01 къэпшыпу» зэрыщытыр. Зи чэзу «Буран»-р и кІэм зэпэкралъхьэфакъым: Совет Союзыр щыльэтъэжьым, псори кьыщэтеуыбгъэ, 2004 гъэм аз заводым къыщІашри, Хирки псы хъумапІэм и Іофэм ирашэлІащ пІалъэкІэ абы щахъумэн мурадкІэ. Ауэ, псоми зэрытщІэщи, а пІалъэр зэи щимыкІ кхъуху...

Пльаръм ун гур егъэзэ. Гуущым утьынт щІидзащ. И дамэжэр, и кІэр, нэгъэщІ пкъыгъуэжэр щым зэрыхэтъа итьхэпхъэсхым фІейм икудащ. Ар зыльагъу лэжьакІуэжм зыкІи яфІэгъэщІегъуэныжькъым. Тушинэ машинэ заводым къыщыджащІащ ар ямежжу, «Молния-Буран» ІэмакІэ ІуэхущІапІэм дыщызытрагъэхьакъым.

«Буран»-м и бжэ псори гъэбащІащ, арщхьэкІэ абы и кІуэщІым упхьэфынущ гъуаснэщІанэжэр къэбгъэсэбэлупрэ. И кІуэщІым ит пкъыгъуэ псори щащІар дыгъуасэ хуэдэу щІэрыпсу кьыпщІохьу. И гъащІэр нэщІщ: мы кхъухьымкІэ я мурадщІ хьэпшыпхэр, нэгъуэщІ зыхуеинхэр «Мир» станцым яхьыну. Жырымрэ титанымрэ кьахощ пхъэм кьыхэщІыкІа пкІэпъей щыкІу. Абы кабинэм ухуещ, ауэ ари нэщІщ.

«Буран»-хэм я къекІуэкІыкІар щІагъуэкъым - хьэрщым щыІар зы кхъухь закъуэщ. Кьэралыр щыльэлъэжьим, ар КъэзахъстанкІэ ей хьуащ икІи 2002 гъэм зэкъуэтащ зыщІэта ангарым и щхьэр кьиуэри. Ямыгъэлъэта етІуанэр мы зэманым щІэтщ Байконур космодромым и Музеи. Ещанэр здэщыІэр дэ дощІэ - Лодочнэ уэрамырщ. Иужькъэ щІадзат нэгъуэщІ хьэрщхэр ягъэкъэзыру, арщхьэкІэ зэпкрахьыжащ. Зи Іуэху нэхъ кьиклар хьэрщым льэтэным хуэмыщІауэ уэгу гьунэгъум щагъэунэхун мурадкІэ зэпкрагъахьа «Буран»-рщ - ар европ ягулуанищІкІэ нэмыщІхэм иращащ.

Дыдейхэм хуэмыдэу, американхэм ахъшэфІ кьыщІахащ езыхэм я хьэрщ кхъухьхэм. Шаттлхэм я программкІэ щІэзэхущІыжьым, НАСА-м жиІащ кьыхуэнэжа кхъухьищІыр дэтхэнэми доллар мелуан 42-рэ хуэдэу эрящІэр. Зы кхъухьыр ящхуагъахьхэщ.

АДАМОВИЧ Олег.
«Московский комсомолец».

ИпэкІа кІуатэрэ хьэмэрэ икІуэтрэ?

**Сабий тхакІуэ цІэрыІуэ Барузди Сергей и Іэдакъэ къыщІэкІащ «Пощтзехь» къызэрымыкІу» рассказыр. Ар теухуащ щыху и мыгъэсу икІи и закъуэ дыдэу Озерки къуажэм щысмохэмрэ газетхэмрэ зыщІэу щыта «Марья Иванн» щым. Абы хэлъыр зы хьэл мыхьэмыщІэт - зэрарщащ щыхьэт техьуэ сыхьлъм Іэ гриндэфыртэкъым. Дауи, Барузди Сергей и щІыпхъэпІэ кхъухьхэр-гъэкъым, мис а Марья Иванн хуэдэхэр зыщІэщІахэм, хуэм-хуэмрэ хуэкІуэжьмэ: кьуажэхэм пощтзехьхэр хуабжьу кьащІомэщІэкІ, кьэнжаэр, кьыхуэвгъэгъу, щым хуэдэу щолажьэ. Абы белджылдуэ щыхьэт тохьуэ щІыпІэ пхыдзам кьыкІыу кьыгъэкІуа письмор. Кьуажэхэм щыгъэущІыж пощт Іуэхапщэхэр хуабжьу зыщІэщІэдахуэ щыкІуэ щыгъуэ, НэгъэщІ эфІмыльэныкъэхэри щыІэщ. АтІэ сыт хуэдэ щыкІэкІэ кьуажэдэсым письмохэр, газетхэр, телеграммэхэр зэрыІэрыхьэнур? ИкІи Іуэхум и пэжыпІэр пощт ІэнатІэхэм жаІэ псалъэ тарэфарэхэм зэрезэгьащ?

Мыгъэгъэм и хэкІыпІэхэр

ЯгъэщІыкІэ фыкъеджэ Ивановэ областым и Савин районым щыІэ Меховищы кьуажэм щыпсэу Корешковэ Р.Н. и письмом: «Аргументы недели» газетым и редакцІэм и лэжьакІуэхэм сэлам фызох! Сэ хэжаю псоригъэсу солажьэ. Кьыдэрыхьэ газетэ псоми нэхъаІэ «Аргументы недели» газетыр пэжыр нэхъ къэзыІуатэу щыІэхэм зыІэтыр. Фэ кьеХьэкІ-нехьэкІ хэмылъу фытотхъуь ди гъащІэм хэлъ щыщІэныгъэ инхэм. АрщхьэкІэ, «Урысейм и пощтым» и гугъу зы щІыпІи кьыхэщІрхъым. Абы щыгъуэми, хуабжьу сыуейт Урысейм и изгъэщІ областтхэм я кьуажэ пощтзехьэхэ я Іуэху зыІутыр хъэсщІэну. Уегупсыс зэрыхьэлымкІэ, кьуажэ пощт Іуэхущапи Іэхэр зэхущІыкІыну я мурадщ. Ди кьэрум дэмыхуэн щытыкІэ драгъэувэ. Псальэм и хьэтыркІэ, къэрал ахъшэхэр, зэпшыпхэр, кьызэжэ хьэхэр зэрыІуэху газ балон щыкІуэхэр сІыгъыу зы махуэм километр 13-льэсу сокІу. Си улахуэр зэрыхъуэ ом 1860-рэщ. Хьэщапхэр зэрысщэм, щІыхуэм Іуэхутхьэбзэхэр зэрахуэсщІэм я хьэкъкІэ, а бжыгъэр зы мазэм сом 2500-м нос. Апхуэдэ ахъшэкІэ упсэуфынукъым. Ди щІыналъэм ихъшІофу пощт къыщІэзыхьэкІуэр щІыхубзхэрщ. Псоми сабий яІэщ. Апхуэдэ улахуэкІэ унэр зэрыбгъэпльыну пхъэ къыпхуэщэхунукъым. Я гугъу сщІыхъэрэкъым зы тхьэмахуэ зэхуакъэ зэнэхь мыхьэмы лыхэкІ гуэр сабийхэм зэредмыгъэшхафи. Ахэр хуэпэни хуейкъэ? Дэ цІыхуу дыкьызэрамылытэр белджылыщ.

Путин Владимир и егъэбгъэлащІэм сытхащ. Мыпхуэдэ жэуап кьыхэтажащ: «Псорэ хабзэм йоозгъэ». Фи газетымкІэ Путин Владимиррэ Медведев Дмитрийрэ фЫщІэ «яхуэсщІыну» сыхуейщ я гупэр апхуэдэу гуапэу щІыхуэм «эрахуэгъэзэм» кьыхэкІыу. Зэман кудэ хьуауэ ди къэралым щІэрыІуэм и лЫхьужьым. УсакІуэ гъуэзэджэхэу Маршак Самуилрэ Лисянский Маркрэ сыт хуэдэу хуабэу ятетхьыка пощтзехьхэм?

Дунейпсо классикэм увыпІэшхуэ щиубыдащ Кейн Джеймс и «Пощтзехьэм тІэу уэзджынкІ къеГъэзу» романым кьытращыкІа фильмым. Хэбгъэзыхьмэ, Кейн и романым ипкъиткІэ ягъэуват оперри! Аращи, пощтзехьэр уэгъэзыхьэм Іэщ Іагъэу кьыщІокІ. Уеблэмэ, моряким, кхъухьлатэзехьэм е полярникым зыкІи кьакІэрыхуркъым я лЫхьужьыгъэмкІи. Ауэ абы я гугъу щытщІынур нужькІэщ.

«Ищхъэрэ бжьэр» мэлЫатэ

Иджыри зэ тхыгъэмкІэ дгъэзэжьнщ. Идкыфрей пощтым япэ итар сыт? Урысейм тхыгъэхэр зэрыщыгъэЗпах Іэмалу 984 гъэм щыщежьащ «Іовозэ» фІэщыгъэ щІэр Іэнатіэр. Хьэрычэтыщ Іуэху зезыхьэ псоми абы пІрыпхэм пщІэнщэу иратын хуейт щыхэр, гухэр, кхъуафжьейхэр. ЩІэщыгъуэм ирихьэлІэу хабзэу ягъэуваш правительствэм щыІэ къулыкъушІэхэр, хьабаретІащІэ ягъакІуэхэр, хьэпшыпхэр кьрашэкІыу. 1837 гъэм пощтхэр гъущ гъэзэгухэмкІэ ягъэІэнихъуэу щІадзащ. Урысейр апхуэдэ щІыкІэкІэ ящыщащ пощтыр мафІэгухэм ягъэ изыгъэзэгъа кьэралхэм. 1838 гъэм кьыщыщІэдаэу пощтыр ягъэува пІалъэм тету щыпІэхэм льагъэІэсырт. А ильэс дыдэм зэпху апхуэдэ пщІэ зыльагъасар «Ищхъэрэ бжьэ» («Северная пчела») газетырт. 1918 гъэм и кІэуэм Урысейм пощт Іуэхущапи Іэхэр щиЗт Крит хьэтІыгум, Китайм, Монголием, Уэсмэн империем, Румыниемрэ, Болгариемрэ.

Аращи, ди къэралым и пощтым тхыдэ гъэщІэгъуэн икІи узэрыгушхуэ хъун нЗщ. АтІэ сыт XXI лЗщІыгъуэм дыщыпсэуу дэ XIX лЗщІыгъуэм дыкьыхэхутэжу щІыхуеижьар?

Къалэнхэр, къалэнхэр...

АрщхьэкІэ «Урысейм и пощт» ФГУП-м кьыльагъэкъым ди къэралым щиІэ Іуэхущапи я язынькъуэхэм XIX лЗщІыгъуэм ягъэзэжауэ. Ар кьызэхэІри гурыІуэгъэщІ: ФГУП-м и унафэщІэм ми зэманым зэхэхьэкІынигъэхэр ирагъэкІуэжа икІи кьыгъэгугъэ 2012 гъэм и япэ мазищым ар акцэхэмкІэ я ятыну. НэгъэщІ зы проект льэпщ щыІэщ: пощт банки кьызэрагъэпэщынущ. «Урысейм и пощтыр» акционер Іуэхущапи Іэм хуэзэкІуэным теуха жэрдэмыр кьыхэзыльхьар «Бостон Консалтинг Групп» американ консалтинг компаниерщ. Абы и ІэщІагъэлІхэм ФГУП-м кьыхуагъэльагъэ пощт кьудамэхэр я льабжьэу пощт бизнес кьыгъэрагъэпэщынущ. Абы папщІ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащІэ щыкІэм зрагъэжьакІыну, Абы папщІ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащІэ щыкІэм зрагъэжьакІыну, къуажэ пощт Іуэхущапи Іэхэм сату щыІэпхэр кьыщІэзІуахьи хуейщ.

ЖьыІэнщи, ягъэ пощтымрэ банкымрэ я Іуэхутхьэбзэхэр щызэпащІащ Голландием (1881 гъэм), Инджылызым (1881), Швейцариемрэ (1906).

Фбщ щапхъэ кьызытетхэн зэрыщыІэр, ауэ а дызыдэплъенкуэм зэхуэду Іуэхум егугъу дыбгъэдэтщэ ара.

БОБРОВЭ Ириндж.
«Московский комсомолец».

«Аргументы недели».

● Пощт

● ЗэхэгъэкІыпІэ

Хэт лЫгъэ хэлъми, токІуэ

Фокладэм и 7-рэ. Мирный и аэропортым къытельэтыкІащ Москва кІуэ «Ту-154» кхъухьлъатэр. Абы пассажир 72-рэ экипажым щыщу цІыхуи 9-рэ исщ. Пшэнэжьжьыр сыхьэтиплІ хьу къудейщ.

***Адэкъэ псори кином хуэдэу екІуэкІащ - псынщІэу икІи зыри зыптэмылпльауэ. Хэбгъэзыхьмэ, шынэжу экипажыр хуэнэсакъым. Ялп щыкІэ мылажьэж хъуащ автопилотыр, итІанэ навигацІэрэ радио-связыпрэ зыкъэзыпуадащ, Іэмэпсымэ нэхъыщІэхэм дерт ягъэуатащ, гъэсныныпхъэ я къэзыІ насосхэр уриІащ. Авиабензин зэрыт зы кумбыгъэ заГъэр фІэкІа лэжьэжьыртэжьым, штурманым и компасрат гъэуэгуэгъэ къахэунар. Пэжщ, моторхэр лажьэрт. Арат псэууэ къыззэтенэныкІэ гугъапІэхэр зэхъэлІар.*

Ту-154-м и экипажым тельыдж хуэзфІэкІащ. Къхьухьатэзехуэхэм Іэмэпсымэ гуэри къаГъэсэбэлыну Іэмал ямыІэу, къхуэхьатэр Тайганм щІэ зэрордом ябгьынжам къыщІагъэтІысыфащ.

Мы Іуэхур авиацэм и тхыдэм зэррыхьхьэнум шэч гуэри хэлъкъым. Алуэдабзэу абы къыхэнэнущ экипажым хэтхэм я щІэунэцІэхэри.

Дэ Ту-154 кхъухьлъатэм и унафэщІ Новоселев Евгений дыхуэзащ. Абырэ и дзэпсыхьуэгъэ Ламанов Андрейрэщ а лЫгъэр къызыхъуэкІар.

Къхуэхьлъатэзехуэ лІыхъужьым къехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу ди корреспондентым къыхуиІуэтэжащ Іуэхур зэрыщытар.

«Аргуэру ди кхъухьлатэр зезгъэкІуэну сыхьэзырщ»

- Евгений, лІыгъэ зефхьэм щхьэкІэ фи унафэщІхэм фи улахуэм къыщІагъуэ? СауГъэтгуэхэр къыбата?

- Мы Іуэхуэр апхуэдэу псынщІэу зэфІэкІыркъым. Абы теухуа унафи щыІэну къыщІэкІынщ.

- Евгений, уи улахуэр ин, уи Іэмалгъэкъ щынагъуэу щыІ лэжьыгъэр «пщІэпсынщІэу».

- ГъащІэр улахуэм елЫатэкъым... Мылейуэ къызолэжь. Зыхуэдизыр жысІэнкъым. Ауэ сыбзэщІынкъым «иномаркэхэр» (нэгъэщІ къэралхэм щащІа кхъухьлатэхэм -**Б. И.**) зезыхуэхэм я улахуэхэр зэрыхэхъубзэр. Абы и щхьэусыгъэуэр къызэрыгуэкІщ. Аксм кхъухьлатэзехуэу ТІу ису аращ. Ту-154-м и экипажыр цІыхуиплІ хъун хуейщ: штурман, бортинженер ди гъусэщ. Аращи, «иномаркэхэр» зезыгъакІуэхэм улахуэхэр цІыхуитІым, дэ ди кхъухьлатэхэм ирилажьэхэм цІыхуиплІым зэхуагуэшьн хуей мэхъу.

- АтІэ уэ жьы хьуэ Тту-154-м уиІыцІ иуиІыцІ ящІэрт зэманым нэхъ къезэгъ кхъухьлатэхэм уитІысхьэ щхьэ мыхъура?

- Сэ псоми зэхахьу икІи пыухыкІэуэ жысІэну сыхуейщ узгум щыкъуэта ди Ту-154-р жьыуэ зэрыщымытар. Ар кхъузэрщІагъэкІрэ илъэс 19 иримкъуэ кхудейщ. Абы щыгъуэми, сэрахьым кхъхэзыхьэр сыт хуэдэ машинэ ерилажьэнуми. Дэ ди авиакомпаниемкІэ хамэ къэралхэм кхъухьлатэхэр иІэкъым. Си лэжьапІэр схъуэжьын хуей хъумэ, сэ щІэрыщІэу седжэжьын, инджылызыбзэр нэхъ кхууэ зэзгъэщІэн хуей хъунут. Абы илъэс мыкъуэ хуэдизрэ текІуэдынущ.

- Фи кхъухьлатэм и Іуэхуэр зыхуэкІуэнур сыт? Ар гъущІыкІэу ятыну хьэмэрэ зэрагъэпэщыжыну?

- Ар ятІэм кхъухьлатэфырщ. Авиакомпаниемрэ и унафэщІэм жаІащ ар зэрагъэпэщыжыну.

- Апхуэдэу щыщыгъкІэ, фи Ту-154-м уитІысхьэжьынкІэ хъунущ. Ушынэрхъэ?

- Сэ хуабжьу си гуапэу а кхъухьлатэм сихьэнущ. Абы дыкъэригъэлащ! Къыбгурыуэрэ? Уеблэмэ «ФЫщІэ пхузощІ» жесІэнущ.

Сэ Тхьэм солъэІу

- Евгений, кхъухьлатэр кхъзэрывгъэтІыса щыкІэм аргуэру кхъетедгъэзэжк. Кхъухьлатэм зэрат ящІэрт белджылы кхъщыкхъум, псоми уи гугъэр хэпхыжат?

- Сэ апхуэдэу сегупсысыну сыхуэщыкъакъым, щытыкІэм дыкъызэригуфІамалэр кхъэсыкхъуэрт.

- Уэрэ Ламановымрэ фи яку зэдаэу кхъдэхъуа хуэдэу ягъэхьыбар.

- Ар пэжкъым. Сэ тІэкІу нэхъ пхъашэу сыпсэлъагъэнщ, арщхьэкІэ сэрэ Андрейрэ дяку зэнэкъокъэу гуэри кхъудэхуакъым. Жьыгъэнщи, абыиз сэрэ иужькІэ дгъэщІэгъуэжащ апхуэдэу зэпІэзэрыту зыззэрытІысыфар. Дэтхэнэми я кьалэн игъэзащІэт. Арауэ кхъщІэкІынщ псори бэІуэтІэуныншу щІиужащ...

- Фы щышнэхъуэу жьыпІэу ара?

- СыщІышынар зэщІ. Дэ хъэтпІэгъуэщ ябгьынжа льэтапІэкъэтІысыпІэ губгъуэр. ДетІысэхащ. Уеблэмэ сфІэтелъыджэу, щабэІэуу дытІысыфащ. Гулъэф есту щІэздауэ, зэ гу лЫыстащ етІысэхыпІэ губгъуэр зэрИухьм, дэ псынщІэІуэри дыдэрыкІуэм.

Мы азэрорломкр 1994 гъэм зэхуащІыжат. АджкІэ мэзышІэ, ауэ Іув кхъщыпт. Жьыгъэр льагэт ди кабинэм хъсу. Мэзым щы-хэльэдам сегупсысыр: «Иджы жьыгышхуэ кхьтпэщІэхуэрэ ди кабинэм и щхьэгъубжэр кхъзэгуимдэ, зыри кхьытхэнжьынукъым. Абдеж сэ Тхьэм сетъэІуащ: «Ди Тхьэ, кхьддэІэпыкъэ». ИтІанэ кхъухьлатэр къэувыІащ.

- Фэ жьыг зыбжанэ ивудащ, пэжкъэ?

- Дауи, кхъухьлатэм и дамэхэмкІэ жьыгыщІэ куэд итхащ. Зы метр нЗкъыжьэ сэмэгурабгъэчыжьыІамэ, псей жьыгыжьэм дыжьэхэуэнут.

- Мы кхъэхъуащІэм фи экипажыр нэхъри зэкъуигъэува?

- Дэ илъэсщІым щІигъуэуэ дызэроцІыхьу. Штурман Талалаев Сергей и гъусэу илъэс 13 хъуаэу солажьэ. Дэ тщІыщ куэдыр 2001 гъэм «Аврора» акционер компанием къэкІащ. Абы льэнджэ мыбдж дыщолажьэ.

- Фэ етІуанэу фыкъалъхуауэ жьыпІэ хъунущ. Ар вгъэлъэІапІа?

- Москва дыкъэкІуэжа иужь, телевиденэм драгъэблэгъащ, транспортмкІэ министрым дриджащ. Бжьэхэр тІэтащ.

БОБРОВЭ Ириндж.
«Московский комсомолец».

● Белоруссие

Белоруссием президент хэхъныгъэхэр дыгъэгъазэм и 19-м щекІуэкІынущ. А къэралым и Іэтащхьэ Лукашенкэ Александр есым и джкІэ мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ а Іуэхум зыхуигъэхьэзыру щІидзащ Уэрысейм хуабжьу къытехуэщІыхьуру. Абы, щэм хэмылъу, Лукашенкэ и щІэр щрегъэхуэх. АрщхьэкІэ зыми щэм къыгрихьэрклым ильэс 16-кІэ Белоруссием и Іэтащхьэу щыта «батькэ» - апхуэдэущ абы зэредкэр - идкыри а къэралым и президенту зэрыхахыжынум. Іуэхур кхъэзырыгуэкІщ: Лукашенкэ къыпэувыфын республикэм кьынжакъым.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

● Тельыджэ

Нэрылъагъу-фІэщщІыгъуей

НПО-р кьытхуагъэпэгъуащ. Ауэ мы Іуэхущапі эмэм дыщызытрагъэхьакъым.

«Буран»-м и бжэ псори гъэбащІащ, арщхьэкІэ абы и кІуэщІым упхьэфынущ гъуаснэщІанэжэр къэбгъэсэбэлупрэ. И кІуэщІым ит пкъыгъуэ псори щащІар дыгъуасэ хуэдэу щІэрыпсу кьыпщІохьу. И гъащІэр нэщІщ: мы кхъухьымкІэ я мурадщІ хьэпшыпхэр, нэгъуэщІ зыхуеинхэр «Мир» станцым яхьыну. Жырымрэ титанымрэ кьахощ пхъэм кьыхэщІыкІа пкІэпъей щыкІу. Абы кабинэм ухуещ, ауэ ари нэщІщ.

«Буран»-хэм я къекІуэкІыкІар щІагъуэкъым - хьэрщым щыІар зы кхъухь закъуэщ. Кьэралыр щыльэлъэжьим, ар КъэзахъстанкІэ ей хьуащ икІи 2002 гъэм зэкъуэтащ зыщІэта ангарым и щхьэр кьиуэри. Ямыгъэлъэта етІуанэр мы зэманым щІэтщ Байконур космодромым и Музеи. Ещанэр здэщыІэр дэ дощІэ - Лодочнэ уэрамырщ. Иужькъэ щІадзат нэгъуэщІ хьэрщхэр ягъэкъэзыру, арщхьэкІэ зэпкрахьыжащ. Зи Іуэху нэхъ кьиклар хьэрщым льэтэным хуэмыщІауэ уэгу гьунэгъум щагъэунэхун мурадкІэ зэпкрагъахьа «Буран»-рщ - ар европ ягулуанищІкІэ нэмыщІхэм иращащ.

Дыдейхэм хуэмыдэу, американхэм ахъшэфІ кьыщІахащ езыхэм я хьэрщ кхъухьхэм. Шаттлхэм я программкІэ щІэзэхущІыжьым, НАСА-м жиІащ кьыхуэнэжа кхъухьищІыр дэтхэнэми доллар мелуан 42-рэ хуэдэу эрящІэр. Зы кхъухьыр ящхуагъахьхэщ.

АДАМОВИЧ Олег.
«Московский комсомолец».

Псоми апэ ит

● Цыхубзэр

ИЛЪЭСИПШІ зыбжанэ хуауэ журналист лэжьыгъэм сыпэрытщ. А зэманым кьриубыдэу цІыхубз цІэрыІуэ сахуэзэащ: Ганди Индирэ, Мейр Голдэ, Шри-Ланкэм и премьер-министр Бандараниике Сиримавэ сымэ, зэгъу щІэхэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри Іущт, хьэл ткІий зыхэлът гукинэжт.

АрщхьэкІэ, щэн хэмылъу, а цІыхубзхэм сыт и лЪныкъуэ экІи апэ ягъэщІапхъэщ Тэтчер Маргарет.

НэгъуэщІ уеиплІкІэ ар арэзы хьунутэжьым. А цІыхубзыр сыт щыгъуэ псоми ефІэкІуу щытащ.

Абы и хьэл-щэныр, дэ тщыщ дэтхэнэми хуэдэу, кьыхэкІащ и сабиигъэуэм. Роберт и Маргарет Хильдэ 1925 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Грантем кьалэ цІыкІум кьыщалъхьащ. Ар диныр ткІийуэ щаІыгъ унагъуэтІ, Маргарет кьафэу, тхьэмахуэ махуэ зкэм кином кІу ящІэрт. «Дэ сыт щыгъуи кьыжджаІэрт Тхьэм, члисэм я пащхьэм щыдгъэзэщІэн хуей кьалэныр», - кьеІуэтэж Тэтчер.

Химиер фІыуэ ильагъуэм, зыщІэтІысха университетым и ещанэ курсым щеджэу консервативнэ партым а еджапІэм щиІэ кьудамэм и унафэщІ хьуащ. ЗэщІ политикэм кьызэрыхэкІар: илъэс 26-рэ зи ныбжь Робертс Маргарет дзэІуащ пэнэхэр зыгъэхьэзыр фризмэр зей Тэтчер Дениса. Абыхэм кьахуэхьуащ зэтІолкъуэныкъуэ щІалэ, хьыджэбэ цІыкІу.

Ар хуабжьу гурыхуэт, жепІэр псынщІэу кьыпхуэтэр т. Ауэ псом нэхъри нэхъыбэу кьыхуэхьэлэр хуумыгъэфэнэн хуэдэу зэрыерыщырт, кьызэрызэфІэмыщІэрт Нужькъэ «Даунинг-стрит щызгъэжІу а илъэсхэр» тхьылъым абы хэІущІыкІу щищІащ зытета хабзэр: «Зэи зывмыт!» Премьер-министрым бы-дэу пкигъэкІт тхьдэм «Тэтчеризм»-кІэ зэджэу хьыкъар. Сытыт абы и купщІэр? ХьэрычэтыщІ лэжьыгъэ щхьэхуитым зыщІэгъэкъуэнырщ.

Щхьэзакъуэ жэрдэмыр дэІыгъынырщ. Кьэблэжьам хуэдизщ кьуатынур. Кьэралыр кьыщІихуэупсэн щхьэусыгъуэ гуэри щыІэжьым. Дэтхэнэми езым и щхьэр ипІыжьын хуейщ.

ГъащІэм премьер-минис трыр гъущІым кьызэхэщІыкІа цІыхубзу кьыщІригъэдзащ. ЖьпІэ хъунущ абы Инджылызыр кьызэрздзэкІауэ: экономикэр приватизацэ ящІащ, Іуэху зехьэнмы егъэщІылІа кьалэнэр кьэралым и ипщэ дихащ, налогхэр зэгъэмэщІащ, кьулыкъущІэхэм я бжьыгъэм кІэрригъэхуащ.

Ди политикхэм, экономистхэм, еджагъэщІэхуэхэм «тэтчеризмэр» зищІысыр зрагъэщІауэ пІэрэ рынок зэхущытыкІэхэм дащыхьхьэм? Ту ныкъуэ тІэрэ зэрыщытар зыщІэныкъуэкІэ кьэрал кьулыкъущІэхэр Инджылызым щІигъэмэщІэфам и щхьэусыгъуэм? Правительствэм и Іэтащхьэр зыхэта бэлыхьхэр зыкъэзыІуатэ щІэрыІуэ: Инфляцэм зричат, къулей-кулейсыкІэ нэхъри зэщхьэщыкІырт, кьэралым медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр щащІэжьырт-зкьым, театр, библиотекэ, школ куэд зэхуащІыжат ахъшэ зэрамыІэм кьыхэкІыу. А зэманым Маргарет жиІэрейт: «Дызыхэдэн дИэкъым».

ГъэщІэгъуэ эныращи, цІыхухэм я гугъ иримыхь а хабзэхэр премьер-министрым игъэувырт ку абжьу зиГъэпхъашэу. Дауи, ку зэ абыкІэ ярэзытэкъым. Уеблэмэ пащтыхь Елизавети фІэфІтэкъым игу илъ псори кьехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу кьхэзыІуатэ премьер-министрым Іущэну.

АрщхьэкІэ Тэтчер и ткІийагъэр псом хуэмыдэу белджылыуэ кьыщигъэльэгъуар абы Инджылызыр Европэм я зэхуэдэ валютэм хигъэхъэн щимыдагъу. Опposизцэм щыщхэм я мызакъуэ зу, езым и лЪныкъуэ куэдым Іэпчер ягъэкъуэ аншэрт, властыр и закъуэ у иубыдауэ жаІэу. Правительствэм и унафэщІуэ куэдыІуэрэ щытат: 1990 гъэм кабинетым и Іэтащхьэр и кьулыкъушІ текІащ, пщІэ хэлъу, дахэу. Пэжщ, Правительствэ твэр зэрыщыІ Даунинг-стрит зэи кьымыгъэзэжыну щибгынэм, и нэпсхэм кьыззэпижьыкащ, сыт пщІэн, цІыхубзэр сыт щыгъуи цІыхубзэщ, гущІым кьыхэщыкІауэ щытми...

...Сэ хуабжьу сыкуэзакъыу сохьэумэ баронессэм кьыскухитхаэр. Абы сыт щыгъуи псынщІэу кІыгъу, ауэ купщІафІэу жэу ап кьэритыжьырт хуезгъэхъ письмохэм. И ныбжьыр ильэс 85-рэ ирикъун и пэ кьихуэу зеиптон пощтКІэ Тэтчер Маргарет т сеХуэхьэу ащ, «Известия» газетым и щІадзыкІадыуэхэм я щІэкІ.

ЗэкІэ жэуап кьызэтыжакъым - и кьару хурикъуу кьыщІэкІынкъым. АрщхьэкІэ кьеджэну сыщогугъ.

ОЗЕРОВ Михаил,
политолог, публицист. «Известия».

● Дагъыстэн

ЩытыкІэр зыхуэдэр

- УФ-м и Федерацэ Зэхуэсым и ищхьэ палатэм КавказымкІэ и комиссэм мыгувэу щытепсэльыхьмэщІ Дагъыстэным и Іуэхуэ ятырыпм: - жиІащ а комиссэм и Іэтащхьэ, ФедерацэмкІэ Советым и вице-спикер Торшин Александр. «Белджылыдэ мы зэманым дэ Дагъыстэным гулъытэшхуэ дыдэ хуэтщІын икІи абы сыт и лЪныкъуэкІи дыдэІэпыкъэн зэрыхуейр», - кьыжиІэщхьэкІ-кІащ абы. - Комиссэм и зэІущІэм кьрагъэблагъэнущ къаурзэкІэ Іуэхущапі эхэм я унафэщІэ, апхуэдэу республикэм и унафэщІэм ящыщІэу, - пищащ Торшиныр: «Дэ дызэхуэсын хуейщ дызэдэІэн, зызэхэтщІыкІын, зэфІэдгъэкІынчэхуэ дубзыхун папщІэ».

Абы жиІащ комиссэр республикэм и унафэщІхэм абы и хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм купщІафІэу зэрадэлажьэр.

Интерфакс.

КІэпІейкІэр ягъэкІуэд

● Ахъшэ

Урысейм и Банк нэхъыщхьэм кьехьхуАІащ куэд щІауэ зыщІэхъуэпсар: Кьэрал Думэм ар хуит ищІащ нэхъ ахъшэ жьгъей дыдэхэр кьыдигъэкІыжьыну.

АР ХУАБЖЬУ захуагъэщ. Фегупсысыт: зы кІэпІейкІэ щІыным хуэдэ 47-кІэ нэхъыбэ токІуэдэ абы кьыщІэкІым нэхъри. Дэтхэнэ кІэпІейкІи 5-м къэралым фІехь абы и уасэм нэхъри хуэдэ 14-кІэ нэхъыбэ. Банк нэхъыщхьэм кьызэритыпкІэ, а ахъшэ жьгъейхэм я нэхъыбэр ярырагъэвэж абыхэм яхэмэ гъуапІэр кьыхэхьын пащІэ. «ЦІыкІум апхуэдэ Іэмакъ ІэмакІэ мылъку кьалэжь мыІейуэ: Мы Іуэхум псынщІэу кІэ етын хуейщ», - жиІащ Банк нэхъыщхьэм и унафэщІым и къуэдзэ Лунтовский Георгий.

Банкым а Іуэхур япэу кьиІэтауэ щытащ 2008 гъэм и мэкъуэгъуэм. 2010 гъэм и фокІадэм банкым и мурадыр кьехьуІащ. Кьэрал Думэм ар зэрэзэ техъуаращ зы кІэпІейкІэ кьыщІамыгъэхьІыным, ауэ кІэпейкИтхур хьумэным.

«Аргументы недели» газетыр щыгъуазэ зэрыхьуамкІэ, мы зэманым кьэралым щызэкІуэ зы кІэпІейкІэ ахъшэ жьгъейуэ меларди 7,3-рэ, кІэпІейкИтхуэхэу - меларди 5,8-рэ - псори зэхэту сом мелуан 560-рэ мэхъу.

Ди кьэралым щыпсэу дэтхэнэ щІыхуми зы кІэпІейкІэ ахъшэ жьгъейуэ 51-рэ, кІэпІейкИтхуэхэу - 40 яхуоэз. А бжьгъэхэр дунейм щызэкІуэхэм нэхърэ щыІэнэхъыбэщ.

«Аргументы недели».

Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор ТекIуий Анатолэ Кушбий и къуэр къызэралъхурэ пщэдей илъэс 80 ирокъу

Еджагъэшхуэ

ЦIыху куэд щыIэкъым и къуажэм къыдэкIа цIыху цIэрыIуэхэм щымыгуфIыкIрэ абы иримыпагэу. Апхуэдэт ди щIэблэм щIэныгъэ куу егъэгъуэтыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, псыгуэнсудэсхэм ящыщу япэу профессор хъуа ТекIуий Анатолэ. Абы и IуэхущIафэ дахэмрэ и IэужьыфIымрэ куэдрэ ди гум щытхъумэнущ.

СЭ ФIЫУЭ сцIыхуу щытащ Анатолэ. Ар илъэситI-щыкIэ нэхъыщIэт сэ нэхърэ, ауэ и щIэныгъэкIи, и теплъэкIи, и зэпIэзэрытагъкIи зэныбжьэгъу гупым хэт куэдым къыдэфIэкIырт. И адэм и къулыкъукIэ хузэфIэкIырт и къуэр нэхъыфIу щрагъаджэ школхэм игъэкIуэни, зауэм и ужь шэджэладжэ илъэсхэми зыхуей-зыхуэфIкIэ нэхъыфIу къызэригъэпэщыни. И Iуэху щыхуэкIуэхэм деж, Анатолэ лъагъунлъагъу ди школым накIуэрти дигъэгуфIэрт, еджэным дытригъэгушхуэрт, къыддэIэпыкъурт. Зэхуэдэу предмет псоми фIыуэ зэрыхищIыкIыр къэдгъэсэбэпырт дэри икIи къыдэгугъуэкIхэр къыдгуригъаIуэрт, пагагъэ лъэпкъ хэмылъу. Апхуэдэу къызэрыддэIэпыкъум дэ нэхърэ нэхъ Iейуэ езыр иригуфIэрт.

Анатолэ гъэсэныгъэу хэлъыр сыт хуэдэ Iуэхугъуэми наIуэ щыхъурт. СощIэж, а зэманым хьэблэ зырызхэм щыщ щIалэ цIыкIухэр дызэхуэзамэ, дызэжьэхэуэрт. Ар фIэфIтэкъым ТекIуийм, дызэпщэфыIэу къыдихьэлIэми, дызэбгрилъэфыжырт, шыIэныгъэ дяку дэлъын зэрыхуейм дыкъыхуриджэу.

Егъэлеиныгъэ хэмылъу жысIэфынущ: школым щыщIэсами, еджапIэ нэхъыщхьэм щристудентами, IэнатIэ пэрыту щылэжьами - дапщэщи ТекIуийр щытащ адрейхэм я щапхъэу, я гъуазэу. Хьэл-щэн нэхъыфIу щыIэр зэхуэхьэсауэ Анатолэ кърипами ярейт. Дэри дыхуейт абы дрещхьыну.

Дыщэ медалкIэ курыт школыр къиуха нэужь, Анатолэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Москва дэт къэрал университетым. ЩIалэ зэчиифIэм ари диплом плъыжькIэ къиухри, абы къыкIэлъыкIуащ аспирантурэр, кандидат, доктор диссертацэхэр, фIыщIэр, щIыхьыр, цIэрыIуагъэр.

Гугъуу къэскIуа гъащIэ гъуэгуанэ кIыхьым сроплъэжри, нэхъ гурыфIыгъуэрэ дэрэжэгъуэу абы щызиIахэм ящыщщ ТекIуий Анатолэ сызэриныбжьэгъуар, сызэрыригъэджар, сызэригъэIущар. Абы къыхэкIыуи си ныбжьэгъум, къуажэгъум сызэрыхуэфэщэнми дапщэщи сыхущIокъу. Сэ схуэдэхэр мащIэкъым. ЩIэныгъэм и лъагапIэм хуэкIуэу Анатолэ пхиша гъуэгум ди къуажэгъу профессорхэу, щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я кандидатрэ докторхэу пщIы бжыгъэ куэд зэрырикIуари икъукIэ гуапэщ. А псом и фIыщIэ хэлъщ ди гъуазэу, гъуэгугъэлъагъуэу щыта ТекIуий Анатолэ. Абы къипсэуа илъэс 73-ри гъэнщIащ IуэхугъуэфIхэмкIэ. Университетым дыщыщIэсми, Анатолэ дызэрикъуажэгъум дригушхуэу, зэпымыууэ дыхущIэкъурт абы и лекцэ купщIафIэхэм зредгъэхьэлIэну, и дерс щхьэпэхэр гъащIэм къыщыдгъэсэбэпыну.

СощIэж, зэгуэрым, балъкъэрхэр къыщыкIуэжагъащIэм щыгъуэ, партым и обкомым политпросвещенэмкIэ и Унэм парт зэгухьэныгъэхэм я секретархэм я семинар щекIуэкIырт. Абы ТекIуийр лекцэ къыщытхуеджэрти, и псалъэхэм ящIэлъ гупсысэшхуэхэмрэ езым и зэчиифIагъымрэ зымыгъэщIагъуэ пэшыщхуэм щIэмысми ярейт. Профессорым и унэцIэджэгъу балъкъэрхэм я гугъэт ар я лъэпкъэгъуу. Дэ жытIэрт ар зэрыадыгэр. АфIэкIа хэмылъу зэдауэ къэхъуат. Лекцэр тIэкIу щызэпыум, балъкъэрхэр Анатолэ еупщIащ зыщыщ лъэпкъымкIэ. Зыми и жагъуэ имыщIу, и Iэпхъуамбэр си дежкIэ къишийри, абы и жэуапым щхьэкIэ сэ зыкъысхуагъэзэну яжриIат. Сэри яжесIат Толэ зэрыадыгэ къабзэр, ауэ и адэшхуэм и адэжыр балъкъэр жылэ къиIэпхъукIыу ди къуажэ къыдэтIысхьэу зэрыщыпсэуар. Апхуэдэ жэуапым лъэпкъитIым щыщхэр арэзы ищIат.

IуэхукIи ныбжьэгъугъэкIи ТекIуийм сыхуэзэрейт сэ. Псыгуэнсу жылэм и тхыдэм, ди къуажэгъу цIэрыIуэхэм ятеухуа тхыгъэхэр щызгъэхьэзыркIи сыщечэнджэщ щыIэт. Зауэшхуэм жыджэру хэта ди къуажэгъу, СССР-м и ЛIыхъужь Яхэгуауэ Михаил и цIэр ар зыщеджа школым фIэщыпхъэу жэрдэм щысщIам, си мурадыр Анатолэ къыздиIыгъащ, икIи, зэман дэкIри, Яхэгуауэм и цIэр зыщеджа школым фIащыжауэ щытащ.

Си къуажэгъур, си ныбжьэгъур сщызымыгъэгъупщэ апхуэдэ гукъэкIыжхэр си куэдщ. Студентхэм щадэлажьэкIи Анатолэ зэи зэхэгъэж ищIыртэкъым, зыщIезыгъэххэм яхуэткIийт, щIэныгъэм нэхъ егугъухэм зэрылъэкIкIэ ядэIэпыкъурт, IуэхуфIхэм тригъэгушхуэрт, ящытхъурт. ЛIэщIыгъуэ ныкъуэм нэблагъэкIэ студентхэм лекцэ къахуеджа профессор ТекIуий Анатолэ IэщIагъэлI куэдым гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуащ, щIэныгъэлI мымащIэми я диссертацэхэм я узэщIакIуэу щытащ. Езы щIэныгъэлI щыпкъэм и Iэдакъэм къыщIэкIащ къэхутэныгъэщIэхэр зи лъабжьэ тхылъ щхьэхуэрэ нэгъуэщI тхыгъэ щхьэпэу 100-м щIигъу, ди республикэ газетхэм къытехуа тхыгъэхэмрэ радио, телевизоркIэ къатахэмрэ хэмыту. Абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ Кавказ Ищхъэрэм и тхыдэр зэхуэхьэсыжыным, абы ехьэлIа тхылъхэр тхыным, къыдэгъэкIыным. ТекIуийм и тхылъхэм ящыщ куэд еджапIэ нэхъыщхьэхэм къыщагъэсэбэп. ЕджакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ ноби къахуэщхьэпэщ абы и методикэхэр.

Апхуэдэу купщIафIэу псэуащ си къуажэгъу икIи си ныбжьэгъу ТекIуий Анатолэ. Абы и гъащIэри и ехъулIэныгъэхэри къыгуэхыпIэ имыIэу епхауэ щытащ и жылэм. Езыри ящыщщ Псыгуэнсур цIэрыIуэ зыщIа абы и цIыху пажэхэм. Аращ абы и фэеплъыр, и унагъуэм исхэм къадэкIуэу, псыгуэнсудэсхэми ягу щIимыхур.

ГУМЭ БетIал,
егъэджэныгъэ лэжьыгъэм и ветеран. Псыгуэнсу къуажэ.

● Лъэпкъхэр

Журт щэнхабзэр ягъэлъапIэ

Налшык и лицей №2-м иджыблагъэ щекIуэкIащ «Журт лъэпкъ щэнхабзэм и махуэ» зыфIаща зэIущIэ гъэщIэгъуэн. Ар къызэрагъэпэщат КъБР-м Хъыбарегъащ1э IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэмрэ «Товуши» журт щэнхабзэ IуэхущIапIэмрэ.

ЗЭХЫХЬЭМ и мурад нэхъыщхьэр журт лъэпкъым и щэнхабзэм еджакIуэхэр щыгъэгъуэзэнырт. «Товуши» щэнхабзэ IуэхущIапIэм и унафэщI Шубаев Борис кърихьэлIахэр кIэщIу тепсэлъыхьащ журт лъэпкъым и тхыдэм, щэнхабзэм, къыдекIуэкI хабзэхэм, нэгъуэщIхэми. Лицейм щеджэхэм яфIэгъэщIэгъуэныр гъунэжт: абыхэм я упщIэхэр теухуат КъБР-м журтхэр къыщыIэпхъуа зэманым, я унагъуэхэм сабийхэр зэрыщагъасэм, Израилым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм узэрыщIэтIысхьэфынум, нэгъуэщIхэми. Шубаевым псоми жэуап яритащ, «Товуши» IуэхущIапIэр зэзыгъэлъагъуну хуейхэр хьэщIапIэ иригъэблэгъащ, урыс-журт псалъалъэмрэ я лъэпкъ шхыныгъуэхэр зэрыт тхылъымрэ ахэм тыгъэ яхуищIащ.

Лъэпкъ зэхуэмыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я щэнхабзэм теухуа зэIущIэхэр егъэкIуэкIыным, зэгъунэгъуу псэухэм зым адрейм и дуней тетыкIэм зыщигъэгъуэзэным теухуа зэIущIэхэр щIэх-щIэхыурэ къызэрагъэпэщ хъуащ. Мыгувэу ермэлы лъэпкъ щэнхабзэм и махуэ ирагъэкIуэкIыну я мурадщ.

БЕЖАН Беслъэн.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Япэ кинотеатр «Победэ»-м и унэр. *2000 гъэ*

«Бжьамий» гупым хэтхэр. *2002 гъэ*

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Текаевымрэ Фанзиймрэ дунейпсо зэпеуэм макIуэ

Тэтэрстаным и къалащхьэ Къэзан къалэм щекIуэкIащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Европей зэхьэзэхуэ.

АБЫ КЪРИХЬЭЛIАЩ Украинэм, Белоруссием, Узбекистаным, Къэзахъстаным, Къыргъызым, Тыркумэным я спортсмен нэхъыфIхэр. Урысейм и гуп къыхэхам хэту ди къэралым и щIыхьыр абы щаIэтащ зи хьэлъагъыр килограмми 100 хъухэм я деж щытекIуа Кульбаев ТIэхьир. ЩIалэр зэхьэзэхуэшхуэм хуигъэхьэзыращ Текаев Махъты. ЕтIуанэ увыпIэр къыхуагъэфэщащ килограмм 85-рэ зи хьэлъагъхэм я деж зи зэфIэкI щызыгъэлъэгъуа Фанзий Сослъэн (и гъэсакIуэр Лыкъуэжь Анзорщ). ЕхъулIэныгъэшхуэхэмкIэ зи цIэ зыгъэIуа мы ныбжьыщIэхэм дунейпсо зэхьэзэхуэхэр къапоплъэ. Дыщыгугъынщ я текIуэныгъэхэмкIэ къэралри лъахэри ягъэбжьыфIэну.

ЭФЕНДИЕВ Эрменбий.

НыбжьыщIэхэр ипэкIэ маплъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и уардэунэм щекIуэкIащ 1995 - 1996 гъэхэм къалъхуахэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я республикэ зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Май, Тэрч, Дзэлыкъуэ, Аруан, Лэскэн, Iуащхьэмахуэ, Шэрэдж куейхэм, Налшык, Бахъсэн къалэхэм икIа спортсмени 103-рэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР зэрыщIидзамкIэ ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуахэщ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер Битокъу Юрэрэ КъБР-м гъэмахуэ спорт лIэужьыгъуэхэм щыхуагъэхьэзыр и центрым и унафэщI Амщокъуэ Артуррэ.

Щыбэна хьэлъагъхэм пашэ щыхъуахэщ Тэрчокъуэ Анзор (кг 32-рэ, Тэрч), Евгъэжьыкъуэ Рэмэзан (кг 35-рэ, Iуащхьэмахуэ), Уьбашев Аслъэн (кг 38-рэ, Iуащхьэмахуэ), Къалмыкъ Ислъам (кг 42-рэ, Налшык), Бэрэгъун Астемыр (кг 46-рэ, Тэрч), Къырым Ислъам (кг 50, Дзэлыкъуэ), Аюев Щамил (кг 54-рэ, Iуащхьэмахуэ), Увыж Мартин (кг 58-рэ, Тэрч), Къаскъул Астемыр (кг 63-рэ, Налшык), Къардэн Азэмэт (кг 69-рэ, Тэрч), Гугъуэт Арсен (кг 76-рэ, Лэскэн), Уэлджыр Ахьмэд (кг 85-рэ, Май), Акъбей Астемыр (кг 96-рэ, Налшык), Нэзэр Анатолэ (кг 120-рэ, Тэрч).

Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэу щытащ бэнакIуэ цIэрыIуэ Жаным Аслъэн.

ГЪУКIАКЪУЭ Инал.



Ахэмын Адисэ ижьымкIэ щысщ.

● Шашкэ

Ахэмын Адисэ и къыкIэлъыкIуэ текIуэныгъэр

ФокIадэм и 24 - жэпуэгъуэм и 5-хэм Краснодар крайм хыхьэ Адлер къалэм щекIуэкIащ урыс шашкэхэмкIэ щIалэ, хъыджэбз цIыкIухэм я XIX дунейпсо зэхьэзэхуэ.

АБЫ ХЭТАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменкэ ныбжьыщIэ Ахэмын Адисэ. 1998 - 1999 гъэхэм къалъхуахэм я блиц зэIущIэхэм ди лъэпкъэгъум къыщыпэлъэщын къахэкIакъым.

А гуп дыдэм классическэ урыс шашкэхэмкIэ Адисэ етIуанэ щыхъуащ.

ЖЫЛАСЭ З амир.

● БэнэкIэ хуит

Тембот Анатолэ алэрыбгъум тохьэ

Иджыблагъэ Швейцарием щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ ветеранхэм я дунейпсо зэпеуэ. Абы дыжьын медалыр къыщихьащ налшыкдэс Тембот Анатолэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту ди лъахэгъур щыбэнащ килограмм 63-рэ зи хьэлъагъыу зи ныбжьыр илъэс 50-55-рэ хъухэм я деж. И хьэрхуэрэгъу псоми ар ефIэкIри финалым нэсат, арщхьэкIэ абы къыщыхагъэщIащ.

А зэхьэзэхуэм и пэ къихуэу, шыщхьэIу мазэм, Тембот Анатолэ хэтащ Къалмыкъым и къалащхьэ Элиста щекIуэкIа ветеранхэм я урысейпсо чемпионатым. Адыгэ щIалэм абы къыщыпэлъэщын зыри къыхэкIакъым икIи япэ увыпIэр зэпеуэм къыщихьащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Зэхыхьэ

Дзэлыкъуэхэм зыри къатекIуакъым

ЗыплъыхьакIуэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу «Кизиловкэ» турист базэм щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школакIуэхэм я спорт-турист зэхыхьэ. Республикэм Альпинизмэмрэ туризмэмрэ и федерацэм къызэригъэпэща зэпеуэхэм хэтащ 9-11-нэ классхэм щеджэхэр.

ЗЭХЫХЬЭМ и къалэн нэхъыщхьэу щытащ ныбжьыщIэхэр къаруушфIэу, хэкупсэу къэгъэхъуныр, КъБР-м и командэ къыхэхар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэмрэ УФ-мрэ щекIуэкIыну зэхьэзэхуэхэм хуэгъэхьэзырыныр.

«Кизиловкэ» къекIуэлIа командэ 17-р зэпеуащ губгъуэм щыпщэфIэнымкIэ, турист псэупIэр гъэхьэзырынымкIэ, уэрэд жыIэнымкIэ, эстафетэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ. Ар къапщытащ КъБР-м АльпинизмэмрэтуризмэмкIэ и федерацэм и унафэщIым и къуэдзэ, бгы туризмэмкIэ СССР-м спортымкIэ и мастер Мамыщ Кашиф зи тхьэмадэ комиссэм. КъыщынэмыщIауэ, зэхьэзэхуэхэм ирагъэблэгъащ федерацэм и унафэщI, Эверест дэкIа Ольмезов Абдул-Хьэлым.

Зэпеуэ гуащIэм пашэ щыхъуащ Дзэлыкъуэ куейм и гупыр, «Гимназие-интернат №1»-р етIуанэщ. Нэгъабэрей зэхыхьэм щытекIуа Новэ Балкарием и школакIуэхэм иджы къалъысар ещанэ увыпIэрщ.

● Картинг

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и сагъэтыр къэхьыным теухуа картингымкIэ КъБР-м и чемпионат иджыблагъэ щекIуэкIащ Шэджэм ЕтIуанэм дэт республикэ картодромым.

Нарткъалэдэсхэу тху

АР КЪЫЗЭРАГЪЭПЭЩАЩ «Урысейм и ДОСААФ» Урысейпсо жылагъуэ-къэрал IуэхущIапIэм и щIыналъэ къудамэм, КъБР-м Автомобиль спортымкIэ и федерацэм, Урысей ФСБ-м и ГъунапкъэхъумэIуэхущIапIэу КъБР-м щыIэр я щIэгъэкъуэну.

«Микро», «Кадет», «Пионер», «Супер мини», «Мини ракет», «Ракет-120», «Лъэпкъ юниор», «Лъэпкъ зэгухьэныгъэ» классхэм щызэхьэзэхуащ Кавказым и щIыналъэхэм, Москва къалэм къикIа спортсменхэр зыхэт гуп 14.

Чемпионатымрэ КъБР-м пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зэхьэзэ хуэмрэ къьвэ Iуихащ Урысей ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Iэщын Юрэ. КъБР-м и Президентым и фIэхъус псалъэхэм къеджащ республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий. ЕхъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну зэрагуапэр спортсменхэм жраIащ КъБР-м Автомобиль спортымкIэ и федерацэм, КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщI Къудей Арсен, республикэм и дзэ комиссар Харламов Евгений, Ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Абдуллаев Мустафа сымэ.

КIэух зэпеуэм нэсыху, бжыпэр зыубыдынур хэтми къэщIэгъуейт. Абы къыхэкIыу зэхьэзэхуэр гъэщIэгъуэну, удэзыхьэхыу екIуэкIащ. «Лъэпкъ зэгухьэныгъэ» классым и кIэух зэпеуэм Лавров Игорь япэ, Уэлджыр Мурат етIуанэ увыпIэхэр къыщахьащ.

Командэ зэпеуэм Нарткъалэ и «Эльбрус» гуп къыхэхам япэ увыпIэр лъысащ, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр зэдагуэшащ Псыхуабэ, Таганрог къалэхэм я спортсменхэм.

Зыхэта зэпеуэм елъытауэ япэ увыпIэхэр къахьащ Мэремыкъуэ Аслъэн, Резников Артур, Кустариников Олег, Косяк Вадим, Сунш Iэдиб (псори Нарткъалэ щыщщ), Ханаев Мусса (Шэджэм къ.), Кюльян Артем (Таганрог), Лавров Игорь, Пирогов Никитэ (Псыхуабэ) сымэ.

Зэхьэзэхуэр щызэпыухэм къызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэуправленэу КъБР-м щыIэм и артистхэм, республикэ реабилитацэ центрым и гъэсэнхэм.

ГЪУКIЭ Хьэсэнбий,
Урысей ДОСААФ-м и къудамэу КъБР-м щыIэм дзэ-техникэ гъэхьэзырыныгъэмкIэ и унафэщI.

● Футбол

Топджэгу губгъуэхэр - жылагъуэ къэс

«2006 - 2015 гъэхэм Урысей Федерацэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьын» федеральнэ лъэпкъ программэм хыхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм топ джэгупIэ губгъуэ 11 къыщызэрагъэпэщащ.

КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI Гъэунэ Светланэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мардэм изагъэ топджэгупIэ IэрыщIхэр иджы щыIэщ Налшык дэт курыт еджапIэ №31-м, «Спартак» республикэ стадионым, Прохладнэ, Нарткъалэ, Тэрч къалэхэм, Лэскэн, Бахъсэн куейхэм. Футбол цIыкIу джэгупIэ губгъуэхэр къыщызэIуахащ Налшык, Бахъсэн, Тырныауз, Урыху къуажэхэм. Лъэпкъ программэм ипкъ иткIэ, удзыпцIэ IэрыщI зытелъ топджэгу губгъуэхэр жылагъуэ къэс къыщызэрагъэпэщыну я мурадщ.

УЭРДОКЪУЭИдар.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Истэпан Залинэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмяпэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.
Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Жыласэ Маритэ, корректорхэу ПхытIыкI Юрэ *(1, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Щомахуэ Марианнэ, ГъукIэлI Рае, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 21.30-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №2872